ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№130 (24.100) ● 2020 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 29, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек видеоконференц мардэм тету дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я унафэщІхэр зыхэта зэІущІэ

КІуэкІуэ Казбек видеоконференц мардэм тету дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я унафэщІхэр кърихьэлІэу, хабзэ хъуауэ, тхьэмахуэ къэс зэхашэ «муниципальнэ сыхьэт» зэІущІэр. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Премьер-министр Мусуков А. ТІ.

ЗЭІУЩІЭМ зыщытепсэлъыхьа Іэуху нэхъыщхьэхэм ящыщщ щІыпІэхэм щыщыІэ эпидемиологие щытыкІэр, коронавирус узыфэм пэщІэтыным медицинэ Іэуху щІапІэхэм я лэжьыгъэр зэрыхуэзэтеуху щыкІэр.

Муниципалитетхэм я Іунафэщ Іхэм зэхуигъаззри, КІуэкІуэ К. В. кьыхигъэщащ COVID-19-м зэрызиубгъум къыхэкІыу щІыналъэми, зэрыщыту къэралми щытыкІэр иджыри гугъуу къыззрыщынэжыр. Абы къыдэкІуэу, сымаджэщхэм щІагъэгъуалъхьэхэмрэ узыфэр зыпкъ рыту кьахутэхэмрэ я бжыгъэр и пІэм иува хуэдэу щытщ.

2020 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м ирихьэлІэу узыр щІыху 9831-м кьапкърыхьауэ кьахутащ, абыхэм ящыщу 7326-р хъужащ, 136-р илыкІащ. Сымаджэщхэм щІыху 1502-м щакІэлъэплъ, абыхэм ящыщу 71-р реанимацэм щІэлъщ. Узыр апкърытрэ апкърымытрэ зэхагъэкІын папщІэ къэпщытэныгъэ мин 243-м щІигъу ирагъэкІуэкІащ. Сымаджэхэр нэхъыфІэ хъумэ, щеІэзэн папщІэ Тэрч муниципальнэ щІыналъэм и сымаджэщ нэхъыщхьэр хуэзарагъэпэщ госпиталь ящыным икІи ар мыгувэу къыззІуахыну.

КъБР-м и Іэтащхьэм муниципалитетхэм я унафэщІхэм ягу къигъэкІыжащ Урысейм и Санитар дохутыр нэхъыщхьэм шхапІэхэм я лэжьыгъэр мардэ пыухыкІам тету къызэрагъэпэщын, апхуэдэуи щІыху зэхуэсыпІэхэм псоми медицинэ нэкІуІупхьуэхэр щалутэын зэрыхуэфм теуха унафэ зэрищІар. КІуэкІуэ Казбек администрацэхэм я унафэщІхэм пщэрылъ ящищІащ а лэжьыгъэм къыхьхьэну, санитарнэ мардэхэм щІыхухэр зэрытетым тКІийуэ кІэлъыплъыну.

ЗэІущІэм апхуэдэу щыхэплъащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІым. Абы теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков А. ТІ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр дзэ къулыкъум еджэнымкІэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм фокІадэм и 29-м къыдигъэкІа Указ №122-УГ-мкІэ къащтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр дзэ къулыкъум еджэнымкІэ и комиссэм, «2020 гъэм и бжьыхьэм цІыхухэр дзэ къулыкъум еджэныр къызэгъэпэщынымкІэ лэжьыпхъэхэм я Іэхуку» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм фокІадэм и 29-м къыдигъэкІа Указ №122-УГ-мкІэ къащтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр дзэ къулыкъум еджэнымкІэ и комиссэм хэгъэхьэн Таубулатов И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и «Тхьэзэлъыж ТІ. Хъ. и цІэр зезыхьэ республикэ стоматологие центр» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет Іэхуущ Іапі эм и дзэ дохутырыр;

б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр дзэ къулыкъум еджэнымкІэ и резервнэ комиссэм:

хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Деунэж М. У. - «Къалэ клиникэ сымаджэщ №1» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет Іэхуущ Іапі эм и дохутыр-неврологыр, Налшык къалэ

Жабоевэ В. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и «Наркологие диспансер» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал кІэзэонэ Іэхуущ Іапі эм и дохутыр психиатр-наркологыр

Къэгъуэтыж С. Б. - «Къалэ поликлиникэ №2» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет Іэхуущ Іапі эм и дохутыр-терапевтыр, Налшык къалэ

Хьэщэ Р. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и «ЩІыфэ-венерологие диспансер» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет Іэхуущ Іапі эм и дохутыр-дерматовенерологыр;

къыхэгъэкІыжын Таубулатов И. М.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м
№138-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и япэ къуэдзэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 8І-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и япэ къуэдзэу гъэувын **Къунижь МуІзед Іэхьед и къуэр**, ар зыпэрыт къулыкъум къыпэрыгъэкІауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м
№141-УГ

АДЫГЭ ЛИТЕРАТУРЭМ И ВАГЪУЭ

Щоджэнцыкіу Алий Іэсхьэд и къуэр къызэралъхурэ илъэси 120-рэ урокъу

Адыгэ литературэм и классик Щоджэнцыкіу Алий и гъащІэ гъуэгу кІэщІыр уи нэгу къыщІэбгъэхьэжмэ, абы псэукІэ тынш и натІэ итауэ пхуэмыІэнукъым: сабиигъуэ хуэмыщІа, пэжымрэ щІэныгъэмрэ хьэзаб пылъу къащыкІэлъыкІуэха щІалэгъуэ, и псэугъуэ дыдэу Бобруйск дэт фашист гъэрыпІэм щыуха гъащІ кІэщІ. ИтІани, Алий и Іэдакъэщ Іэкіэр щызэхуэхьэсыжа уэсэ тхьилъитІыр къапщтэрэ, къызэрымыкІуэу бзэ тынш дыдэкІэ тха абы и усэхэмрэ поэмэхэмрэ уегъеджэмэ, щхьэхуимыту уогупсыс: «И насыпщ и лъэпкъыпсэм, мылІэжыну и Хэкум апхуэдэ сурэт телъыджэ къыхуэзыгъэнэфам».

ЦІыХУ къэс уафэм ва-тауэ щиІэу жаІэ. Абы къикІащи, вагъуэ къэси щІылъэм езым и цІыху щиІэжщ. Вагъуэр мэункІыфІри, цІыхур дунейм йохьжь. Лъэпкъ къэси иІэ щІэжащ, вагъуэ щхьэхуэ. Щоджэнцыкіу Алий ди лъэпкъым и апхуэдэ вагъуэу жыпІэ хъунущ: ар блэху, усакІуэм и анэдэлъхубзэм и макъри жьжьэ Іууэ зэщІущ.

Щоджэнцыкіу Алий и Іэдакъэщ Іэкіэм сыщриплъэж мы тхыгъэр фІыуэ слъагъу усакІуэм къигъуэша си гупсысуэ аркъудейщ.

СщІэжыркъым Алий зыми хуумыгъэдэфын и хъэтІ псэгъэтынымэ япэу нэІуасэ сыщыхуэхъуар. Иджы ахэр симыгъусэу зы махуи дунейм сытемытыфыну къысфІощІ. Иджыри седжэжарэт жьыуагъэІэ зэпытщ Алий и Іэдакъэщ Іэхьэм.

Илъэс плІыщІрэ езанэм итурат Щоджэнцыкіу, и гъащІэм кІэух гущІыхьэ щигъэзатам щыгъуэ. УсакІуэ нэсым и хэгъэгум бий кьебгъэрыкІуа щхьэкІэ, и къалэмыр зэригъэтІылъэкІыр-хьэм. И лъэпкъращ абы и уэрэд нэхъыбфІэр зыхуиусыр, и лъэпкъым бгъуфыту Іэщэ кьещтэ, псалъэрэ фочышэкІэ биим ебгъэрыкІуэну. Арат ищІар Щоджэнцыкіу Алий, Хэку зэгушхуэм щІидза ноужь. Зауэр къыщыхъеа яп махуэхэм абы итха сатырхэм я гуащІагъыр нобэми зыхыбощІэ.

Хэт икІи дапщэщ усакІуэм и гуп япэ щэр кьезыутІыпщар? Ар зыми къыбжиІэфынукъым. Ауэ хэти ещІэ а фочышэр жьыхьнэм къызэрикІар: абы иукІыр зы цІыхуми, мелуан бжыгъэкэр докІуэд. Пушкин зыкІа Дантес и фочышэм кІар... А шэр зэм усакІуэм и цІыхуэ ешьхьэкІа кІапсэу зэрольадэ, Есениным къызэрыщыщІам ещхьу, зэм фашистым и фочым Испаниеи Гарсиа Лоркэ щиукІыну зыщеуэзэд, зэм фашист гъэрыпІэм ис Щоджэнцыкіу Алий мэжэщІалІагъэм щрегъэлІыкІ.

Иджыри лІэщІыгъуэ куэдкІэ егупсысынущ цІыхухэр: сыту куэдыІуэ хуэзфІэкІынут и илъэс 37-рэ фІэкІа мыхъуауэ зыхэджэла уэсыр и лъымкІэ изыІа Пушкиным; сыт хэтетыну кхъухьхэр щІыным теухуауэ» унафэр. А махуэр Урысейм и дзэ-тендзыз флотыр къыщыззрагъэпэща махуэу къалытэ.

♦**Урысейм щагъэлъапІэ инжинер-механикэм я махуэр**

♦**1711 гъэм** Къэбэрдей шуейкэм Мурад-Султан зи пашэ тыркудзэр хигъэщІат.

♦**1888 гъэм** США-м щыщ Лауд Джон шариковэ ручкэ къыззригупсыкам теухуа яп патентыр ираташ. Шакъэм хагъауэуэрэ зэрытхэу щыта къалэмым и пІэ ар занщІэу кьимыуваму, ар ежьмкІи абы Іэхутхьэбзэшхэу яхуищІауэ кьалъытэу, нобэми и цІэр ящыгъупщэркъым.

♦**1905 гъэм** Урысейм и пащтыхь Николай ЕтІуанэм кьыдигъэкІащ «Къэрал хабзэкэр егъэфІэкІуэным теухуауэ» унафэр. Абы щыуЗыхуат цІыхум и хуитынныгъэхэр, Къэрал Думэр хэхьыным теухуа хабзэкэр.

♦**1941 гъэм** Севастополь кьалэр бийм щыхъумэным теухуа зауэшхуэм щІидзащ. Кьалэр кьебгъэрыкІуэ нэмыцэдзэхэм Іэрамыгъэхьэу махуэ 250-кІэ яхъумащ. А зауэр гуащІэ дыдэу зэрыщытам и щыхьэту, 1945 гъэм Севастополь КьалэлІыхьжь цІэр фІащауэ щытащ. Фашистыдзэм абдеж щыфІэкІуэдат зауэлІ мин 300-м щигъу.

♦СССР-м зыхъумэжыныгъэмкІэ и министру щыта, Совет Союзым и Маршал **Устинов Дмитрий** къыззраль хуэрэ илъэси 112-рэ урокъу.

♦Мысырым и дзэ къулыкъущІэ, штаб нэхъыщхьэм и унафэщІу, къэралым зыхъумэжыныгъэмкІэ и министру щыта **Февзи (Хьэхъу) Мухьэмэд** къыззраль хуэрэ илъэс 93-рэ урокъу.

♦Кхъухьлъатэзехуэ, Иордание и Лыхъужь, сенатор **Шурдым Ихьсан** и ныбжьыр илъэс 82-рэ урокъу.

♦ СурэтыщІ-живописец, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Акъсырэ Михаил** и ныбжьыр илъэс 63-рэ урокъу.

♦Аргентинэм щыщ, дуней псом щыщІэрыІуэ футболист **Марадонэ Диегэ** и ныбжьыр илъэс 60 урокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 30, *мэрем*

♦**Политикэ щхьэусыгъуэкІэ зэхэзехуэн зэращІам и фэеплъ махуэщ**, 1990 гъэм Москва и Лубянкэ утыкум деж къыщыІэзІуахащ политикэ залымыгъэм ихьа цІыху мелуанхэм я фэеплъ.

♦**Урысейм и дзэ-тендзыз флотым и махуэщ**. 1696 гъэм Пётр Езанэм тригъэчыныхьри, Пщыхэм я Думэм къыщащ «Тенджызым хуэм. Ар 1945 гъэм мазаем и 13 пщІондэ екІуэкІащ.

♦Америкэр зэрыщІэр япэу къэзыхута **Колумб Христофор** къызэралъхурэ илъэс 569-рэ урокъу.

♦УФ-м и къэрал лэжьакІуэ, политик, щІэныгъэлІ щІэрыІуэ, академик **Примаков Евгений** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ урокъу.

♦АР-м и цІыхубз тхакІуэ, УФ-мрэ АР-мрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Пэнэф Сэфар** и ныбжьыр илъэс 90 урокъу.

♦Юрист, тхакІуэ **Сэрахъэ Александр** и ныбжьыр илъэс 86-рэ урокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Балъкъэр Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 29, *махуэку*

♦**Инсультым пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Тыркум щагъэлъапІэ Республикэм и махуэр**. 1923 гъэм а къэралым и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ, Уэсмэн империер зэрыщІамыІэжым, Тырку Республикэ къыззрыуиэхуам теухуауэ.

♦**Сербием и Конституцэр къыщащта махуэщ** (2006 гъэм)

♦**Комсомолыр къыщыззрагъэпэща махуэщ**. 1918 гъэм лэжьакІуэ, мэкъумэщышІэ щІалэгъуалэм я союзхэм я І съездым унафэ къыщащтаурэ щытащ урысейпсо зэгухьэныгъэ къыззрагъэпэщыну.1924 гъэм абы Лениным и цІэр фІащащ, 1926 гъэм ВЛКСМ жиІэу зэрахъуэкІащ. Илъэс 73-м кэрибыдэу а зэгухьэныгъэм хэтащ цІыху мелуани 160-м щигъу.

♦**1922 гъэм** Москва къыщыІэзІуахащ Революцэм и театрыр. Иджы ар Москва Маяковскэм и цІэр зэриІэ хьэу дэт академическэ театрыщ.

♦**1943 гъэм** Налшык ФЗО школ къыщыІэзІуахащ.

♦**1944 гъэм** советыдзэхэм щІадзащ Венгриием и кьалащхьэ Будапешт хуит къэщІыжным теухуа зауэшхуэм.

Нобэрэ пщэдейрэ

Жэпуэгъуэм и 29, *махуэку*

♦**Инсультым пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Тыркум щагъэлъапІэ Республикэм и махуэр**. 1923 гъэм а къэралым и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ, Уэсмэн империер зэрыщІамыІэжым, Тырку Республикэ къыззрыуиэхуам теухуауэ.

♦**Сербием и Конституцэр къыщащта махуэщ** (2006 гъэм)

♦**Комсомолыр къыщыззрагъэпэща махуэщ**. 1918 гъэм лэжьакІуэ, мэкъумэщышІэ щІалэгъуалэм я союзхэм я І съездым унафэ къыщащтаурэ щытащ урысейпсо зэгухьэныгъэ къыззрагъэпэщыну.1924 гъэм абы Лениным и цІэр фІащащ, 1926 гъэм ВЛКСМ жиІэу зэрахъуэкІащ. Илъэс 73-м кэрибыдэу а зэгухьэныгъэм хэтащ цІыху мелуани 160-м щигъу.

♦**1922 гъэм** Москва къыщыІэзІуахащ Революцэм и театрыр. Иджы ар Москва Маяковскэм и цІэр зэриІэ хьэу дэт академическэ театрыщ.

♦**1943 гъэм** Налшык ФЗО школ къыщыІэзІуахащ.

♦**1944 гъэм** советыдзэхэм щІадзащ Венгриием и кьалащхьэ Будапешт хуит къэщІыжным теухуа зауэшхуэм. Ар 1945 гъэм мазаем и 13 пщІондэ екІуэкІащ.

♦Америкэр зэрыщІэр япэу къэзыхута **Колумб Христофор** къызэралъхурэ илъэс 569-рэ урокъу.

♦УФ-м и къэрал лэжьакІуэ, политик, щІэныгъэлІ щІэрыІуэ, академик **Примаков Евгений** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ урокъу.

♦АР-м и цІыхубз тхакІуэ, УФ-мрэ АР-мрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Пэнэф Сэфар** и ныбжьыр илъэс 90 урокъу.

♦Юрист, тхакІуэ **Сэрахъэ Александр** и ныбжьыр илъэс 86-рэ урокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Балъкъэр Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 30, *мэрем*

♦**Политикэ щхьэусыгъуэкІэ зэхэзехуэн зэращІам и фэеплъ махуэщ**, 1990 гъэм Москва и Лубянкэ утыкум деж къыщыІэзІуахащ политикэ залымыгъэм ихьа цІыху мелуанхэм я фэеплъ.

♦**Урысейм и дзэ-тендзыз флотым и махуэщ**. 1696 гъэм Пётр Езанэм тригъэчыныхьри, Пщыхэм я Думэм къыщащ «Тенджызым теухуа кхъухьхэр щІыным теухуауэ» унафэр. А махуэр Урысейм и дзэ-тендзыз флотыр къыщыззрагъэпэща махуэу къалытэ.

♦**Урысейм щагъэлъапІэ инжинер-механикэм я махуэр**

♦**1711 гъэм** Къэбэрдей шуейкэм Мурад-Султан зи пашэ тыркудзэр хигъэщІат.

♦**1888 гъэм** США-м щыщ Лауд Джон шариковэ ручкэ къыззригупсыкам теухуа яп патентыр ираташ. Шакъэм хагъауэуэрэ зэрытхэу щыта къалэмым и пІэ ар занщІэу кьимыуваму, ар ежьмкІи абы Іэхутхьэбзэшхэу яхуищІауэ кьалъытэу, нобэми и цІэр ящыгъупщэркъым.

♦**1905 гъэм** Урысейм и пащтыхь Николай ЕтІуанэм кьыдигъэкІащ «Къэрал хабзэкэр егъэфІэкІуэным теухуауэ» унафэр. Абы щыуЗыхуат цІыхум и хуитынныгъэхэр, Къэрал Думэр хэхьыным теухуа хабзэкэр.

♦**1941 гъэм** Севастополь кьалэр бийм щыхъумэным теухуа зауэшхуэм щІидзащ. Кьалэр кьебгъэрыкІуэ нэмыцэдзэхэм Іэрамыгъэхьэу махуэ 250-кІэ яхъумащ. А зауэр гуащІэ дыдэу зэрыщытам и щыхьэту, 1945 гъэм Севастополь КьалэлІыхьжь цІэр фІащауэ щытащ. Фашистыдзэм абдеж щыфІэкІуэдат зауэлІ мин 300-м щигъу.

♦СССР-м зыхъумэжыныгъэмкІэ и министру щыта, Совет Союзым и Маршал **Устинов Дмитрий** къыззраль хуэрэ илъэси 112-рэ урокъу.

♦Мысырым и дзэ къулыкъущІэ, штаб нэхъыщхьэм и унафэщІу, къэралым зыхъумэжыныгъэмкІэ и министру щыта **Февзи (Хьэхъу) Мухьэмэд** къыззраль хуэрэ илъэс 93-рэ урокъу.

♦Кхъухьлъатэзехуэ, Иордание и Лыхъужь, сенатор **Шурдым Ихьсан** и ныбжьыр илъэс 82-рэ урокъу.

♦ Сурэтыщі-живописец, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Акъсырэ Михаил** и ныбжьыр илъэс 63-рэ урокъу.

♦Аргентинэм щыщ, дуней псом щыщІэрыІуэ футболист **Марадонэ Диегэ** и ныбжьыр илъэс 60 урокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 20, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зымылъэгъуа хашэ хъуркъым.

Адрейхэм я гъуэгур къегъэнэху

Адыгэ литературэм и классик Щоджэнцыкіу Алий и гъащІэ гъуэгу кІэщІыр уи нэгу къыщІэбгъэхьэжмэ, абы псэукІэ тынш и натІэ итауэ пхуэмыІэнукъым: сабиигъуэ хуэмыщІа, пэжымрэ щІэныгъэмрэ хьэзаб пылъу къащыкІэлъыкІуэха щІалэгъуэ, и псэугъуэ дыдэу Бобруйск дэт фашист гъэрыпІэм щыуха гъащІ кІэщІ. ИтІани, Алий и Іэдакъэщ Іэкіэр щызэхуэхьэсыжа уэсэ тхьилъитІыр къапщтэрэ, къызэрымыкІуэу бзэ тынш дыдэкІэ тха абы и усэхэмрэ поэмэхэмрэ уегъеджэмэ, щхьэхуимыту уогупсыс: «И насыпщ и лъэпкъыпсэм, мылІэжыну и Хэкум апхуэдэ сурэт телъыджэ къыхуэзыгъэнэфам».

ЦІыХУ къэс уафэм ва-тауэ щиІэу жаІэ. Абы къикІащи, вагъуэ къэси щІылъэм езым и цІыху щиІэжщ. Вагъуэр мэункІыфІри, цІыхур дунейм йохьжь. Лъэпкъ къэси иІэ щІэжащ, вагъуэ щхьэхуэ. Щоджэнцыкіу Алий ди лъэпкъым и апхуэдэ вагъуэу жыпІэ хъунущ: ар блэху, усакІуэм и анэдэлъхубзэм и макъри жьжьэ Іууэ зэщІущ.

Щоджэнцыкіу Алий и Іэдакъэщ Іэкіэм сыщриплъэж мы тхыгъэр фІыуэ слъагъу усакІуэм къигъуэша си гупсысуэ аркъудейщ.

СщІэжыркъым Алий зыми хуумыгъэдэфын и хъэтІ псэгъэтынымэ япэу нэІуасэ сыщыхуэхъуар. Иджы ахэр симыгъусэу зы махуи дунейм сытемытыфыну къысфІощІ. Иджыри седжэжарэт жьыуагъэІэ зэпытщ Алий и Іэдакъэщ Іэхьэм.

Илъэс плІыщІрэ езанэм итурат Щоджэнцыкіу, и гъащІэм кІэух гущІыхьэ щигъэзатам щыгъуэ. УсакІуэ нэсым и хэгъэгум бий кьебгъэрыкІуа щхьэкІэ, и къалэмыр зэригъэтІылъэкІыр-хьэм. И лъэпкъращ абы и уэрэд нэхъыбфІэр зыхуиусыр, и лъэпкъым бгъуфыту Іэщэ кьещтэ, псалъэрэ фочышэкІэ биим ебгъэрыкІуэну. Арат ищІар Щоджэнцыкіу Алий, Хэку зэгушхуэм щІидза ноужь. Зауэр къыщыхъеа яп махуэхэм абы итха сатырхэм я гуащІагъыр нобэми зыхыбощІэ.

Хэт икІи дапщэщ усакІуэм и гуп япэ щэр кьезыутІыпщар? Ар зыми къыбжиІэфынукъым. Ауэ хэти ещІэ а фочышэр жьыхьнэм къызэрикІар: абы иукІыр зы цІыхуми, мелуан бжыгъэкэр докІуэд. Пушкин зыкІа Дантес и фочышэм кІар... А шэр зэм усакІуэм и цІыхуэ ешьхьэкІа кІапсэу зэрольадэ, Есениным къызэрыщыщІам ещхьу, зэм фашистым и фочым Испаниеи Гарсиа Лоркэ щиукІыну зыщеуэзэд, зэм фашист гъэрыпІэм ис Щоджэнцыкіу Алий мэжэщІалІагъэм щрегъэлІыкІ.

Иджыри лІэщІыгъуэ куэдкІэ егупсысынущ цІыхухэр: сыту куэдыІуэ хуэзфІэкІынут и илъэс 37-рэ фІэкІа мыхъуауэ зыхэджэла уэсыр и лъымкІэ изыІа Пушкиным; сыт хэти ящыгъуэ куу къигъэщІынут Лермонтовым и зэчий лъэщым, ар дунейр къутэжыхукІэ илъэс 27-м нэхърэ нэхъыбэ мыхъужыну къыхуимыухамэ. Сыт хуэдиз гурыщІэ щхьэкІэплъыкІэхэмкІэ и псэр хуэгъэуэсэнут Есениным, езы Урысейм и уафэм ещхь абы и нащхъуэхэр илъэс 30-м зэтримыплІэжамэ. ЩэщІрэ блырэ фІэкІа мыхъуа Маяковскэм-щэ? Лермонтовым и ныбжьым фІэмыкІа Петефи Шандор-щэ? А псори дэ игъащІэкІи къыткъуэмыщІэну къуажэхэу къыткъуэнэнущ.

Щэч хэлъхьэм, «Къамботрэ Лацэрэ» роман-эпоПеемкІэ и лъэпкъым и псэр хуэгъэкІамрэ лІакъуэ-лІакъуэкІэ Къэбэрдейм щызекІуа зэгурымыІуэныгъэхэмрэ я сурэт наІуэ къыззэзынэкІа Щоджэнцыкіу Алий зригъэжьхуІэфыну плъапІэ куэд адрей дунейм зэрыздихьам.

Сэ фІыуэ сощІэ Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зыбгъэдэзгъэувэу усакІуэхэм я лъагагъыр. Абыхэм адыгэ усакІуэр ещІэ, езгъэщІэкІэ, зэгурыІуэу абы адэкІэ зэрыжуэкыну ГуэгъуэгІ тезыгъэува усакІуэм и кьалэныр. Щоджэнцыкіу Алий и усугъэм адыгэ Іуэрыуатэм лІэщІыгъуэ бжыгъэкІэ зэхуихьэса лъэпкъыбзэм и ІэмІпІэу абы адэкІэ зэрыжуэкыну Ар икІи зэгъэщІэныгъэкъым.

Инкъым Щоджэнцыкіу Алий кьызыхэкІа лъэпкъыр. Ауэ Пушкиным - урысэм, Руставели - куржыхэм, Петефи - мэжэрхэм хуащІар и лъэпкъым хуэзыщІар, шэч закъуи хэмылъу, щэджащэщ.

Гугъут икІи пщІэшхуэ пылъ и лъэпкъ литературэм и лъабжьэр игъэтІылъу абы адэкІэ зэрыжуэкыну Ар икІи зэгъэщІэныгъэкъым.

Инкъым Щоджэнцыкіу Алий кьызыхэкІа лъэпкъыр. Ауэ Пушкиным - урысэм, Руставели - куржыхэм, Петефи - мэжэрхэм хуащІар и лъэпкъым хуэзыщІар, шэч закъуи хэмылъу, щэджащэщ.

Гугъут икІи пщІэшхуэ пылъ и лъэпкъ литературэм и лъабжьэр игъэтІылъэбм хуэгъэза и усэ-гупсысэ. Абы ирагъэкІуэкІа щІалэгъуэ, и гъащІэм и ІэмІпІэ, и ІэдакъэщІэкІэ, и ІэмІпІэ, и ІэдакъэщІэкІэ зэрыщІэкІ, и ІэмІпІэ, и ІэдакъэщІэкІэ зэрыдунейуэ усакІуэр ягъэлъапІэ. ЗыгъэрІэкІ дантесхэмрэ мартынов-хэмрэ я цІэхэр дигу кьынэми, абыхэм гъыбзэр игъащІэкІи якІэрыкІынукъым.

УсакІуэр пхуэкІынущ, хьэпсми пхуидзэнущ, ауэ лъэпкъыпсэр къызыпхьпс абы и псалъэр пхуэгъэлІэнукъым икІи пхуэгъэщІэкІынукъым. Дыгъэм ещхьщи, абы цІыхуэр кьегъэнэну, цІыхупсэр гуфІэгъуэрэ гушхуэныгъэкІэ егъэщІ, акъылыр нэху ещІ, нэху псори кІыфІыгъэм пэщІегъэувэри, зыми гу зылъфыримыгъатэу токІуэ.

Щоджэнцыкіу Алий ящыщщ лъагъуныгъэкІэ гъэнщІа лэжьакІуэбэм хуэгъэза и псалъэ купщафІэр жиІэным кьыхуигъэщІа усакІуэ гупым. Абы хуэзфІэкІырт гъащІэр кьызэрыунэхуру ІкІугум щызэтрихьа гукьеуэхэмрэ хьэпсапІэхэмрэ кІыгъэпсэлъэну.

Алий псалъэкІэ сурэт зэрыхуэщІым кьыщынэртэкъым, ар икІи цІыхуэщхьэт. Иджыри псэуф абы и ныбжьэгъуу, и лэжьэгъуу щытахэр, ар илъагъуну, абы епсэлъылІэну къызыхуихуа цІыхухэр. А псоми зыжьэу кьаІуэтэж Алий тхэным мурад хуэзыщІа щІэблэм защІигъакъуэу зэрыщытар, зэчий хьэхуэкІэ фІэкІа зыбгъэдэмыльми и хьэл щагъэмкІэ еущийуэ зэрыбгъэдэтар.

ГукъэкІыж мащІэкъым Щоджэнцыкіу Алий теухуауэ щыІэр. И чэзур зэчий хьэхуэкІэ фІэкІа зыбгъэдэмыльми и хьэл щагъэмкІэ еущийуэ зэрыбгъэдэтар.

ГукъэкІыж мащІэкъым Щоджэнцыкіу Алий теухуауэ щыІэр. И чэзур зэчий хьэхуэкІэ фІэкІа зыбгъэдэмыльми и хьэл щагъэмкІэ еущийуэ зэрыбгъэдэтар.

Щоджэнцыкіу Алий и литературэм и уафэм иджыри къыщыпынэну вагъуэхэр зыхуэзэнут, ауэ сыт щыгъуи Щоджэнцыкіу Алий и ІэдакъэщІэкІэ зэрыщІэкІ, и ІэдакъэщІэкІэ зэрыщІэкІ, и ІэдакъэщІэкІэ зэрыщІэкІ,

ЦIыху цIыкIуу щыIэр насыпыфIэ зыщI

Лъэпкъым и набдзэ

Адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъащ, лъэпкъым ди набдзэу дызэрыгушхэщ Щоджэнцыкlу Алий Iэсхьэд и къуэр.

ПСОРИ дыщIапIыкIащ дэ Алий и тхыгъэхэм, и роман, поэмэ купщIафIэхэм, и усэ жьгъырухэм; абы и Iэужь дахэхэр ди литературэм, ди щэнхабзэм я пхъынтэдэлъ нэхъыфI дыдэхэм ящыщу, ди щIэблэр абыхэмкIэ гъащIэм хуедгъаджэу икIи хуедгъасэу дяпэкIи зэрыщытынум шэч хэлъкъым.

Пэжыр и гуаэзэу, цIыхугъэм, гу къабзагъэм, адыгагъэм я щапхъэу псэуащ Алий. Къэмыльэнджэжрэ къэмыхэщэжу и псэр Хэкум щIитащ Алий. Фым я щапхъэрэ лъэпкъ псом я литературэм къежьапIэ, лъабжьэ зэрыхуэхъун къару яхапIу тхыгъэ телъыджэ куэд къыщIэнащ Алий. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зым щхьэкIи бгъэлъапIэ, бгъэпажэ хъунут ди усакIуэшхуэр, ауэ, хэти зэрищIэщи, а псомкIи къащIыхьащ Алий цIыхубзм я гум щиухуауэ зым мыкIуэдыжьыну фэеплъ лъапIэр.

Мы юбилей иным ирихьелIэу сэ сыхуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дэтхэнэ цIыхуэр къыхуезджэну: ди усакIуэ пажэ Щоджэнцыкlу Алий Хэкум щIита и псэ къабзэмрэ дунейм къытрина и Iэхущlафэ дахэхэмрэ яхуэпэжу икIи яхуэфащэу дыщыбгъэт.

КIУЭКIУЭ Валерий,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент.
2000 гъэ

Абы и усыгъэ вагъуэр

Яп̀э зыщIым тIу ищIащ, жызыIа усакIуэшхуэм имыщIэу жиIакъым. Лъагъуэ пхышныр Iэджэкlэ нэхъ гуГущ, ар гъуэгужь хъуа нэужь урикIуэным нэхърэ. Щоджэнцыкlу Алий хиша лъагъуэращ дэ гъуэгушхуэ тхуэхъуауэ дызытетыр.

ФIЫ къыдэхъулIэми, ди гур щыхэщIа къэхъуами, ди яп̀э ищам дыкIэлъопIащIэ, нэхъ тегушхуауи докIуэ, сыту жыпIэмэ, гъэгур къуейщIейми, ар мытынишы дощÌэ, щыхулIэ иIэми, пэрытыми игъэунэхуащ.

Алий и усыгъэ вагъуэр уафэ къабзэкъым къыщыщIэкIар. Дунейр кIэгъэпшагъэ къудей мыхъуу, уафэ лъащIэр къыхэщIэуфIыщIа зэпыту, уафэхъуэпскIыр жащкIи махуэкIи къыхэлъэтыкIмэ, дунейр зэIыхьэнущ, жыпIэу укъыхигъэщтыкIыу щытащ.

Адрыдэм дунейр тет зэпытурэ, Щоджэнцыкlу Алий и гъащIэр иухащ. Иджы усакIуэр щыпсэуа лъэхъэнэмрэ и поэзиемрэ зэхуэпхьмэ, дэтхэнэ зы усэми зэман гуащIэм и нагъыщэ тельщ. Ауэ нэхъыфIт, Алий фIыкIэ хуэупсэу ятха къомым усакIуэр апхуэдизу политикэм ирамыпхыу щытатэмэ. Ёзы Алий хуэзфIэкIар мащIэкъым, зыхэмыта Iэху хэтащ жыпIэу птхын хуэдэу, и Iэдакъэ къыщIэкIами уаситI хузбгъэувын хуейщ, яп̀э ищри, ди щэнхабзэм лъагъуэ щыхишащи.

КIЫЩОКЪУЭ Алим,
Социалист Пэжыыгъэм и Лыхъужь.

● ЩIэныгъэлIым и псалъэ

Адыгэлl щэджащэ

Илъэс 41-рэ - арат адыгэ лIакъуэ псоми ди набдзэ Щоджэнцыкlу Алий зэрыпсэуар. Ауэ куэд къимыгъащIэу куэд зыльэгъуа а цIыху тельыджэм хуэзфIэкIащ зэи димыIа литературэм и лъабжьэр игъэтIылъын, абы зригъэужьын.

АРДЫДЭМКIЭ Щоджэнцыкlум зригъэузэщIащ лъэпкъ гущIэсым, адыгэхэм я тхыдэм, я къекIуэкIыкIам, я хабзэхэм, иджырей псэукIэм, я хуэупсапIэхэм хуэгъэпса Iэхуэхэр тхылъеджэхэм я деж нигъэсащ. Кушмэзыкъуей щыщ мэкъумэшыщIэм и унагъуэм къыщалъхуа щIалэ щэджащэм фIы дыдэу илъагъу лъэпкъым щIэныгъэ егъэгъэтыным, ар дунейпсо цивилизацэм лъэ быдэкIэ хэгъэувэным хуэунэтIауэ зэфIигъэкIам и мыхьэнэр эыхуэдизыр нэсу къащIыгурыIуэну зэманыр иджыри къэсауэ къыщIэкIынукъым.

Нобэ Алий и IэдакъэщIэкIхэм щыгъуазэщ адыгэхэм я щIэблэр. Дунейм и щIыпIэ куэду ди лъэпкъэгъуэхэр щикIуэхьахэм къыщащтэ абы и тхылъхэр икIи и усэхэм къыхах Iущыгъэ куухэр. Щоджэнцыкlу Алий и вагъуэр ди лъэпкъхэм куэдрэ яхуэблэнщ!

ЩХЬЭЛАХЪУЭ Iэбу,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор,
ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием хэт.
Мейкъуапэ къалэ. 2000 гъэ

МАКИТОВ Сафар

Ди Алий

Нэхъыжь уахэсмэ, задебгъэкIурт жьыми,
Уахэхуэм щIалэгъуалэми, Алий,
Акъыл упахыу щытащ.
Жьыми щIэми
Уахуэпсэ къабзэт, ещхьу уэ сабийм.

Куэд зымыгъащIэу куэд зылъагъу
жыхуаIэр
Уэ пхуэдэлI гуэрти, куэд уи нэгу щIэкIат.
Къыттет сыт щыгъуи, ди Алий уи нэIэр -
Дэ дыщыпхъумэрт уи фэм уэ дэкIам.

Укъыщалъхуа уи хэкум и насыпыр
Хуэбгъэбжьыфlэну арти - ар уоIэт,
Хэпшт уемызэшу щIэныгъэшхуэ псыпэр
Уи псэр хуэпщIауэ лъэпкъым анэмэт.

И насыпт уэ пхуэдэкъуэ зиIэ лъэпкъым:
ГуфIэгъуэ гуауи дэбгъуэшащ абы,
Ар уи гум, уи псэм - псори уи Iэпкlлъэпкъым
Лъыуэ щIэт псомкIи пщIырт, Алий, къабыл.

Дунейр тIэу пкIэгъуэ пхуримыкъут уи хэкум,
Хуэбус уэрэдыр бэм щипхъуатэм деж.
Укъипсэлъыкlти, Алий, лъэпкъым и гум,
Ар уэ езым сыт щыгъуи къыпхуэпэжт.

Нэхъыжь уахэсмэ, уабжьыр нэхъыщIэфIу.
НэхъыщIэм нэхъыжьыфIу удиIащ.
Алий, гуращэу уиIам сэ пысщэфмэ,
Уэ пхуэфащэн къуэш сыпхуэхъуау аращ.

Зэзыдзэкlар
ЕлГЪЭР Кашифщ.

ХЬЭКIУАЩЭ Мадинэ

Си адэшхуэ

Дыгъуасэ къухьу нобэ къыкъуэкIыж
Дыгъэм и нурым ещхьу, ухэлъ си псэм.
Зэм сфIощI игъащIэ псокIэ укъухьэж,
Къысфlощl зэм уи куэщI сису.

Ауэ сыт щыгъуи ныбдэслъагъур зыщ:
Си дуней гъащIэм схузэIупхыу и бжэр,
ЦIыху цIыкIуу щыIэр насыпыфIэ зыщI
Усыгъэм и жэнэтым сфIощI уэ сипшэу.

ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ, жи, Зэман,
Щыхъумэт си пкъым си адэшхуэм и псэр,
Абы насыпу сэ къысхуигъэнар
ЦIыхубзм естыжьым сыщIохъуэпсыр.

Сабий пфIэщIыну, абы мы дунейм
Къыщыхъу гуфIэгъуэ псори фIэтелъыджэт
Арщ къысщыхуауэ, гъащIэ, сэ уи ней,
ПэIэщIэ сыпщIмэ а хьэл-щэн гъуэзэджэм.

СыпкlэлъэпIащIэ пэтми, сыпщIэмыхьэу
Уи ужь ситщ икIи нэгъуэщI сыхуэмейт,
Къесхьэлlэфарэ уи гуэргуанэ Iыхьэр
Си насып вагъуэр хъутэм ещхь ууейм.

Ныбжьэгъугъэм и Iэужьхэр

Ижь-ижьыж лъандэрэ ди лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ и хьэл-щэнри, и гурыгъуэгурыщIэри, и гуращэ-хъуэпсапIэри, абы къикIуа гъуэгуанэу лъэпощхьэпокIэ гъэнщIа лъэхъэнэ ткIийэри, и нобэрей псэукIэри, и пщэдейрей гъащIэри усыгъэм и Iэмал лъэщхэмкIэ къытхуэзыIуэтэжа Щоджэнцыкlу Алий и творчествэм лъапсэ куурэ къуэпс куэдрэ иIэщ. Абыхэм ящыщщ адыгэ усакIуэшхуэм и тхыгъэ щэджащэхэр урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ езыр щытыпсэуам дунейм къытехьэу зэрыщытар.

ПЭЖЫР жытIэнщи, урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ Щоджэнцыкlу Алий и тхыгъэу илъагъужар мащIэ дыдэщ. Апхуэдэу щIэхъуам и щхьэусыгъуэр, дэтхэнэ лъэпкъ усакIуэ щыпкъэми хуэдэу, Щоджэнцыкlур утыкушхуэ ихьэну пIащIэу зэрыщымытарщ, зигъэнынку, адрейхэм закъыхиГъэщхьэхукIыну зэрыпымытъарщ. Зи Iэужьыр ди литературэм щэхыпIэ хуэхъуа усакIуэшхуэм, езым и псалъэкIэ жьтIэнщи, «хьр зи щапхъэ» пщIэ хуэфащэт, ауэ ар абы нэсу игъуэтауэ тхужьIэнукъым. Щоджэнцыкlу Алий и усэхэм адыгэбзэр зэрыщыбзэрабзэм хуэдэу, урысыбзэри щыбзэрабзэу бзитIымкIи «Тхыгъэхэр щызэхуэхьэса» тхылъхэр сыт и лъэныкъэкIи зэгъэпэщащэу къыдгъэкIын хуейщ.

Лъэпкъ усакIуэшхуэр къэхъуну-къэщIэнур къэзыщIэ цIыху Iущ, адыгэхэр тхьэгурымагъуэкIэ зэджэм елпIыт мэхъу - фашизмэр дунейм тегъэкIуэдыкIыным тегъэпсыхьа тхыгъэ зыбжанэ Щоджэнцыкlу Алий и Iэдакъэ къыщIэкIащ Хэку зауэшхуэм кIуэным и пэ кьихуэу. Ахэр щIэх-щIэхыуэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи ди республикэм къыщыдзкI газетхэм къытехуэрт. Абыхэм фIэщхъуныгъэшхуэ хэльу къыщыгъэлъэгъуащ фашизмэм мыгувэу кIэ зэрыгъэтынур:

УкIкIэ щыкIахэу фашистхэм
Уэрщ и кIуэдыпIэр я лъапсэм.

Щоджэнцыкlур къызыхэкIа лъэпкъ гуащIэу лъэпкъ пагэм и бынхэм, а усакIуэр къыщалъхуа адыгэ лъахэм щхьэхуитыныгъэм щIэзэууэ къикIуа и тхыдэм, нобэрей псэукIэщIэм и дуней дахэм еса совет хэкум захуегъаззри, усакIуэ тхьэгурымагъуэм мыпхуэдэу жеIэ:

НаIуэщ уи тхыдэр си хэкум, -
Бийр къоэзгъыфыркъым уэ иным,
Фашист нэпсейхэм я лъапсэр
Щыкъутэжынущ уи дежьм.

Щоджэнцыкlу Алий и дежкIэ шэч лъэпкъ зыхэмылъыжщ текIуэныгъэр дыдэй зэрыхъунур. Дунейм къару фIыщIэу тетыр зэщIэзыгъэуIуэу лъыгъажэ зауэр къыдэзыщIылIа нэмышэ фашист хьэIуцыдзхэм кIэ зэрагъуэтынур, адрей къэралыгъуэхэм щыпсэу цIыхухэми щхьэхуитыныгъэ зэрагъуэтыжынур хьэкъыу пхыкIауэ усакIуэм етх:

Дэращ лъыгъажэм текIуэнур,
Дэращ зи дыгъэр бзий хущхъуэр,
Дэращ бэлыхьыр зыгъэсу
Насыпым цIыхур хуэзышэр.

Мы къэтхъа сатырхэр зыщыщ «Шагъдий гъэшхахэм текIуэ» усэ гъуэзэджэр 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м къыдэкIа «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым япэу къытехуа нэужь, махуитI нэхъ дэмыкIыу, урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ ар «Социалистическая Кабардино-Балкария» газетым къытрадзащ. «На коней, сыны Кабарды» псалъащхьэм щIэту. Ар зэзыдзэкIар Щоджэнцыкlу Алий фIыуэ ицIыхуу щыта, абы и тхыгъэхэр япэу урысыбзэм къизыгъэзэгъахэм ящыщ Корнеев Николайт

Щоджэнцыкlу Алийрэ абы и усэ зыбжанэ зэзыдзэкIа Корнеев Николайрэ а зэманым я къалэмыр жану игъэбзащ. А лъэхъэнэр Киреев Михаил мыпхуэдэу игу кьигъэкIыжат:

«Жэщым зэрымыжеяр, гуГъу зэрехьар и нэгум щIэплъагъуэу, тIэкIуи щIэзыщтаблэу Щоджэнцыкlу Алий редакцэм къытухуихьауэ щыташ «Псоми Iэщэ къафщтэ» зыфIища усэр - гъуом хуэдэу, цIыхуэр къызэщIиIэтэу. А усэр, а лъэхъэнэм Налшык щыпсэууэ щыта, Курск щыщ усакIуэ Корнеев Николай урысыбзэкIи жану зэридзэкIащ. Губжь къаруушхуэкIэ, фIэщхъуныгъэкIэ гъэнщIат текIуэныгъэр къэзыхьыну «Шууей-лIыхъужьхэр» я «шагъдий гъэшхэм» шэсыну къыхуезыджэ сатырэр».

Иужьрей дыдэу Щоджэнцыкlу Алийрэ Корнеев Николайрэ я усэ ди республикэм къыщыдзкI газетхэм къыщытехуэжар 1941 гъэм и жэпуэгъуэ мазэрщ. УсакIуитIми мыжурэ пэлъытэу яIыгъа къалэмхэм щIыгъуу Iэщэ къащтэри зауэм кIуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис усакIуэхэм я Iэдакъэщlэкlыу хэкур хъумэжыным къыхуезыджэ, зауэм лIыгъэ щызэхьэным къыхуэзщIэзыIэтэ усэхэр зэхуэхьэсауэ тхылъ къыдздгъэкIыну мурад тщIащ. Ёзэш жьхуаIэр зыщIащ Алий ар къыддиIыгъри, занщIэу Iэхум яужь ихьащ. Тхылъым фIэтщIар абы и усэхэм ящыщ зым и цIэрщ - «Псоми Iэщэ къафщта!» Къыщыдэкlар 1941 гъэм и бжьыхьэкIэрщ. Ди усакIуэхэм яхэту къыщIэкIынкъым а тхылъыр Iэкlэ зыIыгъа - псори зауэм щыIэт. Алии илъагъужакъым а тхылъыр. Фокlадэ мазэм и зы махуэ уэфI гуэрым сумкэ хужь и дамэм едзэкIауэ ар военкоматым и пщIантIэм дихьащ»...

Щоджэнцыкlу Алий зауэм хэкIуэдащ, и насып къихьри, Корнеев Николай а мафIэ уэфI гуэрым сумкэ хужь и дамэм едзэкIауэ ар военкоматым и пщIантIэм дихьащ»...

КIУРАШЫН БетIал.
1990 гъэ.

И гъащIэмрэ и лэжьыгъамрэ

(1900 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м - 1941 гъэм щэкIуэгъуэм и 17-м)

1900 гъэм - Кушмэзыкъуей (иджы Бахъсэн къалэ) щыпсэуа мэкъумэшыщIэ унагъуэм ящыщ.

1908 гъэм - Кушмэзыкъуей къуажэ школым щеджащ.

1914 гъэм - Бахъсэн мырдисэм щIэтIысхащ. Цагъуэ Нурий зригъэщIыхуащ. Цагъуэ Нурий егъэджэныгъэ Iэнатlэм щыпэрагъэкIым, ар имыдэу Алий къэуващ, абы къыхэкIыуи ерджапIэм къыщIадзыжащ. «Цагъуэм и университету» Дыгулыбгъуей къуажэм щыIэм щеджащ.

1915 гъэм и фокIадэ - 1916 гъэм и гъатхэпэ - Кавказ Ищхъэрэм папщIэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру Дагъыстаным щыIэ, Темыр-Хъан Шурэ къалэм дэт мазибл курсхэм щеджащ.

1916 - 1917 гъэхэм - Кърымым щыщ Бахъшысэрей къалэм егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру дэта, Гаспинский И. и цIэр зезыхьэ тэтэр школым щIэсащ.

1917 - 1919 гъэхэм - Истамбыл къалэм егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру дэта школым щеджащ. Усэхэр тхын щIидзащ. «Нанэ», «Ильнос» усэхэр тырку журналым къытрыригъэдзащ.

1920 гъэм - Кушмэзыкъуей къуажэм къигъэзэжащ.

1920 гъэм и накъыгъэ - 1920 гъэм и шыщхьэуIу - Налшык къалэм къыщыдзкI «Налькавстрой» газетым щылэжьащ.

1920 - 1921 гъэхэм - Азэрбайджаным и Баку къалэм къыщызэрагъэпэща «КъуэкIыпIэ-политикэ хэха илъэс курсхэм» щеджащ.

1921 гъэм - ЧК-м и органхэу Дагъыстаным и Дербент къалэм щыIэхэм щылэжьащ (мазищкIэ).

1922 гъэм - хуабэ уз (тиф) кьеуэлIащ. Налшык къигъэзэжащ. «Красная Кабарда» газетым корректору щылэжьащ (илъэсныкъэкIэ).

1923 гъэм - щIыпIэм къыщыхъуа лъэпкъхэм къахэкIыу егъэджакIуэхэмрэ совет Iэхущlапlэхэм я лэжьакIуэхэмрэ щагъэхьэзыр курсхэм щеджащ.

1923 - 1927 гъэхэм Кушмэзыкъуей къуажэм дэт школ №91-м адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэу щылэжьащ.

1925 гъэм - областым лъэпкъым щыщ егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щагъэлъахъуэ и курсхэм щеджащ (бадзэуэгъуэм и 15 - фокIадэм и 15-хэм).

1925 гъэм - Цагъуэ Нурий и «ЩIалэ гъуаэз» тхылъым дидактикэ хабзэм тету зэхилъхьа усэхэр хигъэхьащ, «Къэрэхьэлъкъ» газетым ущиныгъэм хуэгъэза тхыгъэхэр къытрыригъэдзащ.

1926 гъэм - щIэныгъэншагъэр гъэкIуэдыжьым елIалIэу щIэблэмрэ нэхъыжьхэмрэ Кушмэзыкъуей къуажэм щригъэджащ. Адыгэ лъэпкъым щIэныгъэ егъэгъуэтыным хуэузнэтIауэ зэфIигъэкIахэм папщIэ областым и ОНО-м Алий игъэкIуащ Москва къалэм щекIуэкIа экскурс-конференцым.

1927 (накъыгъэм и 9) - пэщIэдзэ школхэм папщIэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и алыфбей зэхэлъхьэным теухуа Iэхумкlэ екIуэкIа зэIущIэм хэтащ.

1928 гъэм - «Мадинэ» поэмэр итхащ.

1928 - 1929 гъэхэм - Кушмэзыкъуей къуажэм и курыт школ №2-м адыгэбзэмкIэ щригъэджащ икIи Бахъсэн щыпналъэ мэкъумэш школым и унафэщI къалэнхэр игъэзэщIащ.

1929 гъэм - Псыхуабэ къалэм и педкурсхэм щеджащ (мазитKIэ).

1931 гъэм - Цагъуэ Нурий, Елбэд Хьэсэн, Щоджэнцыкlу Алий сымэ я «Артель» Яп̀э ступеным и школым илъэс ещанэ хуауэ щрагъаджэхэзэм папщIэ тхылъыр къыдэкIащ. «Хьэжьгъэ пут закъуэ» Iуэтэжьыр итхащ.

1929 - 1934 гъэхэм - Бахъсэн районом и инструктор-методисту лэжьащ, егъэджакIуэхэмрэ гуп-гупурэ зэхьихьэ секцэхэм екIуалIэхэмрэ я Iэщlагъэм щыхэгъахъуэ курсхэм я унафэщIу щытащ. «Къхъужьей щIагъым» Iуэтэжьымрэ «ЩIымахуэ жэщ» поэмэмрэ итхащ.

1934 гъэм - Псыхъурей къуажэм и колхоз университетым и унафэщIу икIи егъэджакIуэу, Кьулъкужьи къуажэм дэт курыт школ иримыкъум и унафэщIу лэжьащ. Бахъсэн районом елъэIуащ республикэм и ТхакIуэхэм я союзым и унафэм щIагъэувэну.

1935 гъэм - Налшык тхылъ тедзапIэм усэхэр щызэхуэхьэса и «Мадинэ» яп̀э тхылъыр къыщыдзкIащ.

1936 гъэм - КъБАССР-м и ТхакIуэхэм я союзым щылэжьэну кIуащ, республикэм и ТхакIуэхэм я союзым и Къызэгъэпэщакlуэ комитетым ириджэри. Тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «Ди Орджоникидзе» тхылъым и редактору щытащ. ПащIэ Бэчмырзэ и фэеплъу «Уи кхъащхьэм» усэр итхащ. Адыгеймрэ Шэрджэсымрэ щыIащ. Адыгейм и тхакIуэхэм я I съездым хэтащ. Iэдииху чэщанэм елIащ. Абы и щIыхькIэ итхащ «Iэдиихуу» усэр.

1937 гъэм - лъэпкъ театрым адыгэбзэр щригъэджащ. Усэбзэкlэ тха «Къамботрэ Лацэрэ» романым елэжьащ.

1938 гъэм - «Къэбэрдей уэрэдхэр» тхылъым и редактору щытащ. Усэхэмрэ поэмэхэмрэ щызэхуэхьэса етIуанэ тхылъыр къыдигъэкIащ. «Къызбрун» поэмэ гуузыр къызытрищIыкIыну хъыбарэр зэхуихьэсу щIидзащ. Пединститутым еджакIуэ ягъэкIущ. Къэбэрдей уэрэджы1акIуэ гупыр кьызэгъэпэщыным елэжьащ. Композиторхэу Авраамов А. М., Шейблер Т. К., Покровский А. М. сымэ ядэлэжьэн щIидзащ. Къэрал филамрием и симфоние оркестрым Октябрь революцэр илъэс 21-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ Кисловодск къалэм щита концертым щыIащ (жэпуэгъуэм и 25-м). Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблым и литературэ къудамэм и унафэщIу щытащ.

1939 гъэм - Къэбэрдей уэрэджы1акIуэ гупым яп̀э концерт итащ. Щоджэнцыкlу Алий и псалъэхэр зыщIэлъ «Ди Сталин» яп̀э адыгэ цIыхубз уэрэдыр ягъэзэщIащ. Художественнэ самодеятельностым и республикэ олимпиадэм къыщыпсэлъащ. Урыс композиторхэм я оперэхэм я ариехэмрэ революцэм трауха уэрэдхэм ящыщхэмрэ адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ. «КъБАССР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр къыфIащащ. «НыбжьыщIэ хахуэ» поэмэр итхащ икIи ар зыщхьэуIум и 21-м къыдэкIа «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым къытрадзащ. «Бгыхэмрэ цIыхухэмрэ», «Пшэлпъ», «Советхэм я пщэдджьыжь» трилогиер зытха урыс тхакIуэ Либединский Ю. Н. зригъэщIыхуащ. Творчествэм и унэу Серафимович и цIэр зезыхьэм, Подмосковьем щыIэм, етIуанэу Либединский Ю. Н. щыхэзащ.

1939 гъэм - Налшык къалэ Советым и депутату щытащ. Тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «Коста Хетагуров» юбилей тхылъыр къыдэгъэкIыным елэжьащ.

1940 гъэм - КъБАССР-м Лъэпкъ щэнхабзэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэу щытащ. Iуэрыlуатэр зэхуахьэсыну ежьахэм яхэтащ. Къэбэрдей нарт эпосыр зэхилъхьащ икIи къыдэгъэкIыным хуигъахьэзыращ. Налшык тхылъ тедзапIэм «Нарт эпос» тхылъыр къыдзкIащ. ПащIэ Бэчмырзэ къыщIэна тхыгъэхэр зэхуахьэсыжыным икIи къытрегъэдзэным елэжьащ. «ПащIэ Бэчмырзэ» критикэ-биографие тхыгъэр «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым къытрыригъэдзащ (№256). Композитор Авраамов Арсений и гъусэу елэжьащ «Къызбрун» яп̀э къэбэрдей оперэр кьызэгъэпэщыным. «Композитор Авраамов Арсений» тхыгъэр «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым къытрыригъэдзащ. КъБАССР-м гъуазджэм пыщIа Iэхухэмкlэ и управленэм и унафэщIым дежь щыIэ Художественнэ советым щыпсэжьащ.

1941 гъэм - усэхэмрэ поэмэхэмрэ щызэхуэхьэса ещанэ тхылъыр къыдэкIащ. Къэбэрдеим и автономиер илъэс 20 щрикъум ирихьелIэу «Нырес си псалъэр уи деж» поэмэр итхащ. Зауэм кIуэну къухуезыджэ усэхэр и Iэдакъэм къыщIэкIащ. Зауэм кIуащ. Бобруйск и концлагерым илIыхьащ.

Зыгъэхьэзырар
ЩАКIУЭ Марьянэщ.

И ныбжьэгъуэр и гъусэу. *1937 гъэ*

Композитор Авраамов Арсенийрэ Алийрэ. *1940 гъэ*

Усыгъэм и жэнэтым сфІощІ уэ сипшэу

Зэчий ин зыбгъэдэлъым и Іэдакъэ къыщІэкІахэм лъэхъэнэ къэс цІыхухэм хуаІэ бгъэдыхьэкІэхэр, зэрадж-къыІэрадлытэ щІыкІэхэр зэхуэдэкъым. 90 гъэхэм Щоджэнцыкіу Алий и творчествэм дэ къыхэтха дерсхэр нэхъ хэІэтыкІаУэ хуэгъэзат лъэпкъым и гупсысэр, бзэр, щэнхабзэм и лъапІэныгъэхэр къэІэтыжыным, къэгъэщІэрэщІэжыным.

Псоми ди зэхуэдэ Іуэху

НОБИ дяпэкІи а мыхьэнэхэр бгъэтІылъ мыхъуу гъэзэщІэн хуейуэ къонэж. Аущ лІэщІыгъуэ блэкІар щиух ильэсхэм наІуэ къэхъуащ Щоджэнцыкіу Алий хуэдэ цІыхухэм я гущІэм къыгъуэуа нэгъуэщІ дерсхэри: лъэпкъым я зэныбжьэгъуГэр сфЫдэным ехьэлІа Іуэхугъуэхэр зэи къэбгъэтІасхъэ зэрымыхъунур, кущэкІуэтей щІалэгъуаІэр зэпыу имыІэу абы щІэгъэджькІынир, цІыхур къыщІэгъэщІар, дунейм щІытетыр езым кІыкІэлъыкІуэ щІэблэм гъэзгу яритыныр, гъащІэм пищэнкр, Іэщэ имыгъэдэлъэныр, лъы имыгъэжэныр зэрыарар.

ИтІанэ, Щоджэнцыкіум и поэмэхэр къэлъытэн хуейщ щэнхабзэмрэ гъэзэджэмрэ я мардтэ зэлыщхьэмкІэ. Дуней псом къебгъэцІыху хъун тхыгъэхэщ Щоджэнцыкіу Алий и къаІэмым къыщІэкІахэр. Алий и Іэдакъэщ Іэкі нэхъ лъэщ дыдэ, уэсу тха «Къамботрэ Лацэрэ» романым ипкъ итІ художественнэ фильм техьэн хуейуэ зэманым кьеГэуВ, ди экономикэр сыт хуэдизу щытыкІэ гугъум имытми. Апхуэдэ кинор зыхуэзфІэкІыну творческэ къаруХэри, хьэрычэтыщІэхэу, бизнесменхэу мылъкукІэ къыззэщІэнэщІыфынухэри, мы Іуэхур къыдихьыу унафэ тэмэм хуэзыщІыфынухэри лъэпкъым и мащІэкъым.

Усэбзэкіэ тха романыр киноуэ Іэгъуныем хузэкъэщІын хуэдизу, монтаж зэхэлъыкІэм тету тхащ. Дуней псом щыцІэрыІуэ кинорежиссёр Эйзенштейн Сергей Пушкин Александр и поэмэ «Полтава» жьхуиІэр зэпкърихыурэ жиІэгащ урыс тхакІуэщхъэм ГащІэм и теплъэ нэхъыщхьэхэр щІэгъэкІынэ гупсысэкІэм тету кьыззэрыхиГэщхьэхуКІыр, кьыззэригъэнэгурыІуэ, «лейр зэрыпипупщІыр». Апхуэдизу адыгэм ди усакІуэщхуэ Щоджэнцыкіуири.

ЖьТІам и тегъэщІапІэщ «Къамботрэ Лацэрэ» романым щыщ дэтхэнэ пычыгъуэри, псалъэм щхьэкІэ, ЗекІуэлокъуэ Къамбот Тембот дадэм и пщыІэм зэреблэгъа щыкІэр къэзыгъэльагъуэ теплъэгъуэр.

ЗекІуэлокъуэ си унэщІэщ, Хьэщ1эн хуейуэ сыкъэкІуащ. Ехьэх Іэщэр, сыгъэпсалъэ, Сэри цІыхум сыкъэлытхуащ... Щыжриіэм, лІыжь жьакІэхур, Щіегъуэжауэ, мэукІытэж. Жьыжьэрыуэ и фочьжьыр Хуэму бгъэущІым ирелъхьэж. ХьэщІэ щІалэм фІэхъуС гуапэу А лІыжь хъыжьэр къыщекІуалІэм, ЛІы и щэнкІэ шагъдий фэкъум ЗекІуэлІ и къуэр къыщепсыхым, Ар гъуэгуанэ зэрытетыр ЛІыжь жьакІэхум къыщІыхуащ, Дэхэхуаэ зэрыщытым Шы жэщІамкІи гу лъитащ. ... ЗекІуэлокъуэр еблэгъащи, Щыхьыл жьахэр хуегъэкІуатэ, Мэз тенджызым и лІыхъжьыр Хьэщ1э щІалэм къобзэрабзэ.

Сыту дахащэу тха! Убгъэдэтым хуэдэу болъагъу Тембот дадэ жьакІэхур, щІалэ кьекІу ЗекІуэлокъуэ Къамбот, «лІы и щэнкІэ шагъдий фэкъум», къепсыхауэ пщыІэм еблагъэр, шы жэщІар, хуэму бгъуэщІым ирелъхьэж жьыжьэрыуэ фочьжьыр, щІыхьыл жьахэр... Мэбзэрабзэ Щоджэнцыкіу Алий и адыгэбзэр, налкъутналмэсу мэлыр. Апхуэдэ защІэу, адыгэбзэм и философие куупІэм къыщыщІэльаУэ тхащ и поэмэхэмрэ усэхэмрэ.

Художественнэ тхыгъэхэм къадкІуэу Алий хьэлэмэтыщІу кІыгъэсэбэпыр публицистикэм и къарур, образхэмрэ гупсысэхэмрэ зэщІэту зыхэухуэна тхыгъэхэмкІэ лъэпкъым зригъэуэзщІырт.

ЦІыхубэм хьэлэлу яхуэлэжьа зы усакІуэшхуи дунейм тетауэ е тету къыщІэкІынкъым езыр щалъхуа, и сабиигъуэр щекІуэкІа щІыпІэр имыгъэфІаУэ, имыІэтауэ, цІэрыІуэ ищІыну хэмытауэ. УсакІуэри зи къаурэр зи гуащІэкІэ псэужхэм къаХэкІа цІыхуэ. Аращ абы «щалъхуа щІыпІэр фІыуэ зыльъагъум дунейм зэрыщыту фІыуэ елъагъу» псалъэхэм къарыкІ мыхьэнэр адрей цІыху псоми хуэдэу щІехьэлІар. Щалъхуа Кушмэзыкъуей къуажэм, Бахьсэн щІыналъэм щыІэ адрей къуажэхэм щыпсэу цІыхухэм зэриГэузэщІурэ, публицист Щоджэнцыкіур игу пщтыраГэкІэ гъэнщІа усыгъэхэмкІэ щІэбгъэрт лъэпкъ псом и зыуэзщІыныгъэм. ОНО-м щыІэжьэнкір имыдзу егъэджакІуэу школым кІуа щІалэм районым ис цІыхухэм усыгъэхэмкІэ захуигъаазэрт лэжьыгъэ Іэнатіэхэр егуГэуу ирахьэкІыну: еджакІуэ цІыкІуХэм - фІы дыдэу ебгъэщІэжыну Іуэхуитіэ - зэманым хуэфащэу лажьэну, мэкъумэшыщІэхэм - щІыр фІыуэ яльагъуу, гъавэр хащІэу, бэвыГэр я Іэужьыну, кьуажэ Совет лэжьакІуэхэм - я пщэ къыдэхуэр кьанэ щымыІэу яГъэзэщІэну.

Щоджэнцыкіу Алий образ гукъинэжхэмрэ гупсысэ кІуэкІэ гъэнщІа публицистикэкІэ лъэкІащ Бахьсэн щІыналъэр Къэбэрдей псом щапхъэу яхуиГэзувыну, Бахьсэн ГЭС-м и нурыр республикэм исхэм ятрыригъэдзэну. Ардыкмкіэ наІуэ къэсУу художественнэ къаруУэ усакІуэм и тхыгъэхэм яхэлъым публицистикэм и мардэхэри зэрагъуСэр, зэрабгъэдэтыр: занщІэу гу зыльымытэ «щапхъэ цІыкІухэр», ауэ мыхьэнэ зиІэхэр, нэІурыт ещІ, ихьуреягъкІэ кІыщІыхьу-мыхьэнэ зэпкърех, и лъэхъэнэгъуэхэм я ІуэхущІафэхэм, къыщалъхуа щІыналъэм, кІэщІу жьпІэмэ цІыхухэр зыхуейм, абыхэм яГу щІэгъум, ахэр зыхуэнкІыуэм егъэпейтей, гъащІэр ипэкІэ кІуэтэжым, щІэм гъэГэу етыным щІобэн, абы зэран хуэхъуэхэм щІсхъырабГэу имыІэу псалъэ жан, псалъэ шэрыуэхэр яредз.

УсакІуэм а псор щІилажьыр адыгэ цІыхущІэм и щхьэузыхьыщІ, абы и къэкІуэнурщ, художник иным зэпхабзэу, гурэ псэкІэ зыхищІэу, лІэщІыгъуэм я жанкІэ кІыппхрольри, а къэкІуэнур зыхуэдэр дегъэлъагъуф. Ар зыгъэнаІуэр лъэпкъым хуиІэта художественнэ усыгъэхэм я закъуэкъым, атІэ а лъэпкъми абы и щІэблэмэ яхуэмыфащэ Іуэхугъуэхэр зылэжь цІыхухэм ятритхьхьа фельетонхэми икъукІэ мыхьэнэщхуэ яІэщ.

Щоджэнцыкіум и фельетон усыгъэхэм фІэкІа ухуейкъым езыр щыпсэуа лъэхъэнэм абы трихэ цІыху сурэтхэр зэрыІупщІыр икІи зэрыпэжыр кьрибгъэльэгъуэн папщІэ. Ауэ зэманыр кІуэтэху, нэхъри наІуэ къэхъуу хуежьащ нэгъуэщІ социальнэ типхэр - цІыхухэр къизымыдзэ, ахэр зыхуей-зыхуэфІхэм зи нэр хуэзыиГыщІ, дэ дыкоммунистщ жаІэу кІэрахъуэхэр зыгъэдалъэ администратор-унафэщІ «ткІийхэр».

Гу хьэлэлрэ псэ кьабзэрэ зиІэ лъэпкъ усакІуэр ятеплъэ хъууэ щытакъым апхуэдэ унафэщІхэм. Апхуэдэхэращ 30 гъэхэми, кьыкІэлыкІуэ ильэсхэми Совет властым, социализмэм я щІыхьыр цІыхубэм я пащхьэм щызыгъэлъэхъшар. Публицист Щоджэнцыкіум икъукІэ щэрыуэу игъэпса «КІэрахъуэшхуэ» фельетонымкІэ кьыджеІэ апхуэдэ цІыхухэм я сэкъатыр: жаІэ псалъэмрэ ялэжь Іуэхумрэ зэрызэтемыхуэр.

Хэт кІэрахъуэжьу гъущІ бзаджэр ЛІыхъжь дамыГэу зезыхэр, Пщы хьэщІэжь хабзэу, ди губгъуэм Зыщигъэбзэгъуэр зеджащэр? Хэт кІэрахъуэжьым теуІуэу, ЗигъэпсчэуІуурэ пагэжьыр, Зи шы лъэрыгъыр яубыду Ирагъэпсыхмэ гуфІэжьыр? Апхуэдэ лІыхэр зыщІэкъур: Ныбэм кьыхуэщтэр ишхын, Пшынэ зыщеуэм, ефауэ. И кІэрахъуэжьыр щыуэн... ... Пшэ зэранщІакІуэ хьэсэбгъум Къытехуэразэр трекІ, КІэрахъуэжь хьэлъэкІэ нэмыси ЗыхуезыгъэщІри Іуркі!

Ди лъэпкъ усакІуэшхуэм теухуа тхыгъэр духыну дыхуейт мыпхуэдэ псалъэхэмкІэ.

Алий и гупсысэ псынэм нобэр кьызідэсым къыщІэдмыгъэльащэу кьекІуэкІащ. Ауэ иджыри апхуэдэу кІуэмэ, мыгувэу дыщІегъуэжыщ. Сыту жьпІэжьэ, усакІуэ лъапІэм и творчествэр кьэхуТэным ельэлІауэ Гунэгъэрамылъэпкъыкъуэ куэд иджыри щыІащ. А къэхутэныгъэхэм я ІэнэтІыныгъэ псоми дэ и гугъу тхуэщІынкъым, шэч зыхэмылъыр журналистикэм, нэгъуэщІу жьпІэмэ публицистикэм и мардэхэм ит абыхэм яхэтын зэрыхуейрщ.

Адыгэ щІэблэ къыдэкІуэтейм нобэ арэзы укъищу яБгъэдэлъкъым икІи ящІэркъым Щоджэнцыкіу Алий и гъащІэмрэ и усыгъэ щыпкъэхэмрэ. Ахэр адыгэ лъэпкъым нэсу яБгъэдэлъхьэнкІэ псоми ди зэхуэдэ Іуэхущ.

БЖЭНЫКІЭ Мухьэб,
КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист, филологие щІэныгъэхэм я кандидат. 2015 гъэ

Цагъуэ Нурий *(сэмэгумкІэ щысщ)* **и гъусэу**. *1936 гъэ*

ПащІэ Бэчмырзэ деж щохьэщІэ. *1935 гъэ*

И куэр Мухьэмэд, и малъхъэ Андрей, къуэрылъху-пхьурылъхуэхэр. *2000 гъэ*

Ноби къытхуоблэ

АЛИЙ... Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я закъуэкъым нобэ а цІэм ирипагэр. Ар дэри, Адыгейм и гуащІэрыпсэухэми, ди Алийщ. Ар я Алийщ усыгъэр фІыуэ зыльъагъуу ди къэралыгъэшхуэм ис псоми.

АЛИЙ... А цІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыльапІэщ, Адыгейм Теучэж Дзыгъуэ, Хьэткъуэ Ахьмэд сымэ я цІэкэр зэрыщыльапІэм ещхьыкъабзэу.

АЛИЙ... А цІэр щыжьитІэкІэ ди нэгу къыщІохьэ а цІыхур кІызызэкІа адыгэ лъэпкъ уардэр.

АЛИЙ... А цІэм пыщІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыху телъыдэхээм, и къурышпсэ уэрхэм, и къурш уардэхэм я цІэкэри. Алий и цІэр щыжьитІэкІи а псор тлъагъуу къытщохьу.

АЛИЙ... И цІэр зэхэсх къудей мыхъуу, абы и щхьэри сльэгъуащ сэ. Щысльэгъуар 1936 гъэм и кІэхэрщ. А гъэм Адыгейм и тхакІуэхэм я ялэ съездэ екІуэкІырт. А зэІущІэшхуэм кьрихьэлІат адыгэ псоми фІыуэ тлъагъу, Кавказ Ищхьэрэ псом щынэхъ щэрыІуэ дыдэ усакІуэшхуэр. Абы съездым щыжиІа псалъэ гуапэхэр ноби си тхьэкІумэм ит хуэдэщ. Ар зэрыщІыху акъылыфІэр белджылыуэ кьыхэщІыт абы и псалъэхэм. ТхакІуэм и къаІэным щытепсэльыхьым абы жиІа псори сэ иужькІэ кьыхэзгъуэтэжауэ щытащ езым и тхыгъэ гъуэзэджэхэм. Абыхэм уадэплъэйуэ, зэрыплъэкІкІэ ахэр щапхъэ зыхуэпщІыныр дэтхэнэ зы адыгэ тхакІуэм дежкІи зэрыпасІпышхуэр кьызгурыІуащ.

Алий и тхыгъэхэм щІэупщІэшхуэ щаІащ ди дежи. Литературэр фІыуэ зыльъагъу дэтхэнэ зы адыгэ унагуэми ноби кьыщыбгъуэтынущ Щоджэнцыкіу Алий и тхыгъэхэр. Школхэм щадж абы и усэхэр, и Іуэтэжкэр, поэмэхэр. Щоджэнцыкіум и «Мадинэ», «Къамботрэ Лацэрэ», нэгъуэщІ тхыгъэхэми къытращІыкІа спектаклхэр ди радиомрэ телевидениэмрэ куэдрэ щагъэув. Ауэ ди цІыхухэм дежкІэ ахэр сыт щыгъуи щІэщыгъуэщ, абыхэм къащІэупщІэ, къащІэльэІу щыІэ зэпытщ.

СССР-м и Къэрал сауГэтым и лауреат КІэрашэ Тембот, ди тхакІуэ нэхъыжьхэм ящыщ Пьостэн Исуф сыми, нэгъуэщІхэми фІыуэ яцІыхуу щытащ Щоджэнцыкіу Алий. Абыхэм ноби фІыкІэ я гу къагъэкІыж Алий, зыжьэуи жаІэж абы цІыхугъэшхуэ зэрыхэльар, псэ дахэрэ гу къабзэрэ зэрыІар.

Апхуэдэщ ди Алий. Адыгэ литературэм, ди усыгъэм нобэ зыІэригъэхьа ехъулІэныгъэ псомкІи фІыщІэ ин бгъэдэлъщ Алий. Си щхьэкІэ, си лъэпкъым сыт хуэдэ тхыгъэ тыгъэ хуэсщІми, абы Щоджэнцыкіу Алий и фІыщІэ хьэзэлъагъуэ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, литературэм и гъуэгум сыщытехьэм гъуаэзу, хьуэпсапІэ лъагэу сызыхуэплъэу щытахэм ящыщщ Алий и усыгъэм къыхэлыдыкІ нэхури.

Зи цІэри зи щхьэри нэхуу щыта а цІыху телъыдэжэм и усыгъэхэри нэхуу къытхуоблэ ноби. Ужьыкынкъым а нэхури, цІыхуи и нэр кьэпльэху.

ЖАНЭ Кърымызэ.
Мейкъуапэ. 1980 гъэ

Гуимыхуж махуэхэр

Ялэ зэлущІэ

БАХЬСЭН щІыналъэм хьыхь Къызбрун ЕтІуанэ къуажэм щапхъэу яГъэльагъуэу дзт школым и унафэщІу сылажьэрт 1934 гъэм. Школыр инт, нэхут, Іэхуитльэхуитт. Абы хэтт щІалэгъуаІэм я школри. Ари сэ къызэгъэбыдылІат. КІэщІу жьпІэмэ, еджапІитІми сэ сраунафэщІт.

Школым егъэджакІуэ гуп зэкъуэт щылажьэрт. Сэ хуабжьу сригушхуэрт абы. ЕбгъаджэщІыкІуэщ. Алий дерсхэм щІэсащ, егъэджакІуэхэм епсэльыліащ. Дыкъыщежьэжьым абыхэм яжриІащ пщыхьэщхьэ сыхьэтхэм методическэ зэІущІэ зэрыригъэкІуэкІынур. Школым дыкъэсэжкри, Алий езгъэблэгъащ щэджагъуашхэ егъэщІыну.

Ар псэльэгъу гъащІэгъэщІ. УзыІэпишэрт, удихьэхырт. Ар ущигъуесэм деж гу лъпытэртэкъым зэманыр зэрыкІуэм. Алий жьхуиІа сыхьэтихыр псынщІэу кьэсащ. Школым и егъэджакІуэхэр кьытпэплъэу щыст. Класс гуэрым дыщІыхьэри, Алий зэІущІэр кьызэІуихащ. Ар зыкъуэгъуэм деж гу лъпытэртэкъым зэманыр зэрыкІуэм. Алий жьхуиІа сыхьэтихыр псынщІэу кьэсащ. Школым и егъэджакІуэхэр кьытпэплъэу щыст. Класс гуэрым дыщІыхьэри, Алий зэІущІэр кьызэІуихащ. Ар ущигъуесэм деж гу лъпытэртэкъым зэманыр зэрыкІуэм. Алий жьхуиІа сыхьэтихыр псынщІэу кьэсащ. Школым и егъэджакІуэхэр кьытпэплъэу щыст. Класс гуэрым дыщІыхьэри, Алий зэІущІэр кьызэІуихащ. Ар адрейхэр егъэджакІуэхэм я пэшым дыщІыхьэжащ. СтІолым лІы мыщІыху гуэр бгъэдэст, егъэджакІуэхэм я урок сызыщІэсахэр зэрыстха журналым еплъу. Дыкъыщилъагъум, кьэтэджри кьыдбгъэдыхьащ. Дэ дызэрыцІыхуащ. Ар Бахьсэн районым щІэуэ инспектор-методисту къаГэкІуэ Щоджэнцыкіу Алийт.

Дэ зыкъомрэ дызэпсэльащ. Алий школ Іуэхум и кууэ хищІыкІыу къыщІэкІащ. Ди дежи лэжьыгъэр зэрыщыгъэувам щыгъуаэз зыхуищІащ, си гукъеуэм щІэдзІуащ, си упщІэхэм дахэу, щабэу, Іэдэбу жэуап къаритыжащ, егъэджакІуэхэм я планыр къыпщытащ. Ахэр зэфІигъэкІа нэужь, урок зыбжанэм щІэсащ. Псом хуэмыдэу Алий фІэфІт адыгэбзэ урокхэм щІэсынт.

А махуэм ар щІэсащ 1-нэ, 3-нэ классхэм. ПщэдджьыкыкІуэ цІыкІухэм ещанэ яухри зэбгрыкІыжащ. Алий етІуанэ махуэм къэкІуэну жиІэри щІэкІыжащ.

ЕтІуанэ зэлущІэ

АЛИЙ пцІы иупсакъым. ЕтІуанэ махуэм, накъыгъэм и 12-м, къакІуэри дерситІым щІэсащ. ИтІанэ къуажапщэм дэт школым дыкІуэну дежьащ.

Бахьсэн Іуфэ дыІуту дыдокІуей. Алий адыгэбзэкІэ уэсэ къоджэ. Абы и бзэр кьабзэт, дахэт, шэрыуэт. Уэсэ кьеждэн щегъэтри, тэлайкІэ щыму докІуэ. Сэ сыхуейт Алий уэсэ кьеджэну. Си гурылъыр кьищІа нэхъей, абы уэсэ кьеджэн щІедзэж - Пушкинымрэ Лермонтовымрэ я уэсэ. Ахэр гум дыхьэрт, псэм едэхащІэрт, уагъэпІейтейрт. Сэ я усэхэм кьэдгъэ седэІуат, ауэ а дакъикъэхэм хуэдэу зэм сагъэпІейтекъым.

Гу лъыдмытэу школым дынэсащ. ЕгъэджакІуэхэр гуапэу кьыщІэкІащ. Алий дерсхэм щІэсащ, егъэджакІуэхэм епсэльыліащ. Дыкъыщежьэжьым абыхэм яжриІащ пщыхьэщхьэ сыхьэтихым методическэ зэІущІэ зэрыригъэкІуэкІынур. Школым дыкъэсэжкри, Алий езгъэблэгъащ щэджагъуашхэ егъэщІыну.

Ар псэльэгъу гъащІэгъэщІ. УзыІэпишэрт, удихьэхырт. Ар ущигъуесэм деж гу лъпытэртэкъым зэманыр зэрыкІуэм. Алий жьхуиІа сыхьэтихыр псынщІэу кьэсащ. Школым и егъэджакІуэхэр кьытпэплъэу щыст. Класс гуэрым дыщІыхьэри, Алий зэІущІэр кьызэІуихащ. Ар ущигъуесэм деж гу лъпытэртэкъым зэманыр зэрыкІуэм. Алий жьхуиІа сыхьэтихыр псынщІэу кьэсащ. Школым и егъэджакІуэхэр кьытпэплъэу щыст. Класс гуэрым дыщІыхьэри, Алий зэІущІэр кьызэІуихащ. Ар адрейхэр егъэджакІуэхэм я пэшым дыщІыхьэжащ. СтІолым лІы мыщІыху гуэр бгъэдэст, егъэджакІуэхэм я урок сызыщІэсахэр зэрыстха журналым еплъу. Дыкъыщилъагъум, кьэтэджри кьыдбгъэдыхьащ. Дэ дызэрыцІыхуащ. Ар Бахьсэн районым щІэуэ инспектор-методисту къаГэкІуэ Щоджэнцыкіу Алийт.

Дэ зыкъомрэ дызэпсэльащ. Алий школ Іуэхум и кууэ хищІыкІыу къыщІэкІащ. Ди дежи лэжьыгъэр зэрыщыгъэувам щыгъуаэз зыхуищІащ, си гукъеуэм щІэдзІуащ, си упщІэхэм дахэу, Іэдэбу жэуап къаритыжащ, егъэджакІуэхэм я планыр къыпщытащ. Ахэр зэфІигъэкІа нэужь, урок зыбжанэм щІэсащ. Псом хуэмыдэу Алий фІэфІт адыгэбзэ урокхэм щІэсынт.

А махуэм ар щІэсащ 1-нэ, 3-нэ классхэм. ПщэдджьыкыкІуэ цІыкІухэм ещанэ яухри зэбгрыкІыжащ. Алий етІуанэ махуэм къэкІуэну жиІэри щІэкІыжащ.

ЕтІуанэ зэлущІэ

АЛИЙ пцІы иупсакъым. ЕтІуанэ махуэм, накъыгъэм и 12-м, къакІуэри дерситІым щІэсащ. ИтІанэ къуажапщэм дэт школым дыкІуэну дежьащ.

Бахьсэн Іуфэ дыІуту дыдокІуей. Алий адыгэбзэкІэ уэсэ

МЫСАЧЭ Пётр

Ди Алий

Хэт и унагъуэ сэ сихьами,
ЖаІэу зэхэсхыр уэ уи гугъущ,
Уэ зым фІэкІ зауэм имыхьами -
Ар гуаэуэ лъэпкъым хурикъунщ.
Ди къуршыпс псоми я тхьэмадэу,
Уэ фІыуэ пльагъуу уи Бахьсэн,
КъысфІощІ и макъкІэ пхуэжумарту
Сыт щыгъуи фІэфІу пхуэусэн.

Гурыхьщ Бахьсэным и уэрэдыр – СедаГуэ пэтми, зызмыгъэнщІ, Уи хьэлщ дэсльагъурэ а псы уардэм - Абы уэ сыткІи узогъэщхь: Абы и ткІуэпсэм ядз нэхугъэр Уи лъаэ-анэм и дыгъэпсщ, Апхуэдэущ уэри - уэ уи тхыгъэр Фыгъэм зи лъэпкъыр хуэзыгъэпсщ. Хэт и унагъуэ сэ сихьами, ЖаІэу зэхэсхыр уэ уи гугъущ. Уэ зым фІэкІ зауэм имыхьами - Ар гуаэуэ лъэпкъым хурикъунщ.

ЩАУЭЖЬ Сэлим

Сэ схуЛъэкІатэм

Уи гъащІэр мащІэу щытами,
МыкІуэдыжьынхэр уи тхьылъщ.
Ажалыр уэркІэ пІэщІами,
ЦІыхубэм я гум ухэлъщ.
Налкъутналмэсу уи тхыдэр
Ущалъхуа хэкум щыблащ.
Къэзаб псэукІэу гъэ кІуахэр,
Уи бзэм къиІуатэу бгъэщІащ.
ХьэупсапІэу гъащІэм щыуІахэр
Ди нобэм нахуэ ищІащ.

Мадинэ сымэ я щыпхъухэр
Уафэм хьыринэ щещІащ!
Упсэущ, ди къуэшу Алий,
Иджыри уэ упэрытщ.
Фэепль псалъэфІхэр, Алий,
Пхуатхауэ тхьылъэм ярытщ!
Сэ схуЛъэкІатэм, усакІуэр
Уэгу льагэм ІэгукІэ уисхьэт.
Гущэ хьыринэу гъуэлъыпІэр
Мазэ хуэщІтым пхуисщІэнт.
Сэ схуЛъэкІатэм, пшынэбзэр
Си гуапэу пІурыслъхьжьынт,
Ди гъащІэ дахэу тхуэгъагъэр
УэрэдкІэ тхуэпІуэтжьынт.

Си гущІагъущІэлъ сатырхэр

Илъэс 40-м щІигъу илэкІэ Москва театр институт дыщІэсу дэ, адыгэ студием щыщхэм, цІыхугъэ тхуэхъуауэ щытащ а Іэщ1агъэ дыдэм хуеджэну Къэбэрдейм никІа щІалэ, хьыджэбз гуп. Зэрыгурыуэгъуэщи, дызэщыгуфІыкІащ. Дызэнэбжьэгъуныр, дызэдэІэпыкъуныи дызэгурыІуащ. Зы тхылъи кьызэтауэ щытащ. Ар абы пьандэрэ си Іэпэгъуу гъащІэм кьыщыздекІуэкІ тыгъэ лъапІэ дыдэу кьыщІэкІащ. Иджыри къэс ар си стІолым текІыркъым. Си гугъу сщІыр дуней псом адыгэу тетыр дызэрыгушхуэ Щоджэнцыкіу Алий и ІэдакъэщІэкІэхэр щы-зэхэухьэсарт.

КЪЭБЭРДЕЙ студием щеджэ си кьуэш кьэзгъуэтыжакэр езыхэм я лъэхэм иІэпхъуКІыу Адыгейр псэупІэ зыщІа Блашэ-Псынэ икІа сэ къыздэІэпкІыуащ си анэдэлъхьэм щыщу хьэрф си мынэІуасэхэр ззэгъэщІэнымкІэ. Ахэр сэ къысхуеджащ си бгъэм къыпкІыным хуэдэу си гур ину къэзыгъэуа «Нанэ» усэм.

Сэ Адыгейм сыкъыщыхьуауэ, сыщапІауэ, адыгеибзэм седжауэ икІи ар фІыуэ слъагъуу щыт пэтми, си кьуэпс Къэбэрдейм щызекІуэ си анэдэлъхьэбзэ ІэфІыр иджыри къэс зэрызмыщІар, абы и литературэм сызэрыщымыгъуэзар сигу кьеуащ. Псом хуэмыдэу си гум хьыхьар, иджыри зэ кьытызогъэззэкри, «Нанэрщ». Абы щхьэусыгъуи иІэт...

Сэ, фызабэкъуэм, зэпымыууэ сигу илъат кьуажэм кьыдэзна си анэ закъуэр. Абы хуабжьу сыхуззэщыт, сыкъыщыкІуэжьну пІалъэр кьыхсхуэгъэсыртэкъым. Си анэм сэ кьалэ жьжьэм сыщІиутІыпщари зауэм щыдэкІым ди адэр уэсят папщІэу кьелъэІуати арат: «Ди кьуэр егъаджэ, щІэныгъэншэу кьыумыгъаназ, а зырщ си гъэІуэр».

Иджы сэ си гъащІэр Щоджэнцыкіу Алий Истамбыл кьалэжьым кьритхьыкІэм езгъапщэрт, ззщхьыныгъэ гуэркри кьэслъагъурт. Аращ а усэр, сэ занщІэу гущІагъ щІлъэ щыхсхуэхьуар. А жэщ дыдэм сымыжеижу усэр, гугъу лъэпкъи сыдемыкьу, гукІэ зэзгъэщІащ.

Хьэуэ, сэ Алий ещхьу бэлыкьышхуэ сыкъхьэжутатэкъым. Ди къэралым и щыхьэрым и еджапІэ нэхъыщхьэ зыкъэизыхэм ящыщ зым сыщІагъэтІысхьат, схурикъун ахъши кьызатурэ срагъаджэрт. СызэдкІуэжьну си лъахэри кьысспэплъэрт. АрщхьэкІэ Алий а усэр щитха зэманым и ныбжьыр зэрыта илъэс 17-м сэри ситт икІи хуабжьу зыхэсщІэрт куэд зи фэ дэкІа си анэ тхьэмыщІкІэр кьызэрызэжьэр, абы жэщхэр хуэмыгъакІуэу зэрызигъэкІэрахъуэр. Мис аращ усакІуэ уэхъытынщэм и сатырхэр си лъым хэзыгъэхьар.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, сэ иужькІэ Щоджэнцыкіум и ІэдакъэщІэкІ псоми седжащ, иджыри соджэ, сыпсэухукІи ахэр кьэзгъэгъуэгурыкІуэнущ, ауэ «Нанэм» пэсщІым абыхэм яхэткъым.

Ялэ курсыр кьэзухыу кьуажэм сыщыкІуэжам школым сыщезгъэджахэри, щІэныгъэм хуэпабгъэ ныбжьыщІэхэри ялэу зыщызгъэгъуэзар «Нанэр» арат. Си анэм а усэм сыкъыщыхуеджэкІэ, и нэпсхэр щІилъэщІыкІырт, си щхьэм кьыдилъэрт и Іэхэр. Ар иджыри ІэфІу си гум илъщ.

Артист Іэщ1агъэ сиІэу ди драмтеатрым сыщылэжьэну, си гъащІэ псор лъэпкъ гъуэзджэм щхьэузыхь хуэсщІыну кьыщыз-гъэззжам радиом сыкъыщыпсэльауэ щытащ, гугъу кьыздехьауэ щытахэм, сыкъэзэлытуэ си анэм фІыщІэ яхуэсщІу, си псальэри зэрызухар «Нанэм-кІэщ»...

ГъащІэр хьэлэмэту зэкэлъщ. Илъэс тІощІ гуэрхэмкІэ узэІабэкІыжмэ, ди пщІыхьэпІи кьыхэхуэнтэкъым кьхъхьльатэм дитІысхьэмэ, сыхьэт бжьыгэ ныхь дэмыкІыу дунейм и щІыпІэ куэдым текъухьа ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщхэр тлъагъуну. Арати, илъэс 11 илэкІэ адыгэ псоми я лІыкІуэхэр Тыркум щызэІущІат. Си насыпи кьихьри, а зэхэхьэшхуэм сыщыІащ. Ис-тамбыл гъэзгум сыззэрытехьэм, си лъэпкъэгъуэхэр, си кьуэшхэр, си шыпхъухэр зэрыслъагъунум сыщыгуфІыкІыу сыкІуащ. Си гур бгъэгум кьикІыным хуэдэу кьеуэрт, Истамбыл и Адыгэ Хасэм и пащхьэм сыкъыщихутам. Зэуэ си нэгу кьыщІыхьащ игъащІэм сымыльэгъуа си къуэш нэхъыжь Алий икІи абы и усэ цІэрыІуэр щабэу кьеэгъэжьащ.

Уэ пщІэрэ уи щІалэ цІыкІур
Хы Іуфэм щепэззззхыу,
ЩІыпІэ хамэм анэ-адэншэу
Къуршыжьхъэм ар
къахуэбанэу?..

Артист макъым зеІэт, илъэс куэд хуауэ сызыгъэпІейтей сатырхэр кьызжьэдолъэт:

ЩыІэжьым мыбы зы махуи
Іуащьхьмахуэ сигъэльагъуфу,
ЩыІэжьым мыбы зы ани,
Нанэ, уэщхьу Іэ
къуэздилъэфу...

СымыщІэхэу, си нэпсхэр кьыщІож. Сатыр уахътыншэхэр си гум хьыхьа кьызэдаІуэхэми я нэхэр нэпсым зэщІищтащ.

Умыдзыхэ, си нанэ дыщэ,
ЛІы ищІынщ уи къуэр
ІэштІымым,
Зэман кІэщІкІэ ар
нэкІуэжьинщи,
ЩыплъэжьищІ Бахьсэн ауэым!

Къеджэн сухащ, ауэ кьызэдаІуэхэр мыбуэжж хуэдэт, щымт. Сэ сщІэжьыркъым апхуэдэу кьуэдз щытами, ауэ зэуэ Іэгуауэ макъышхуэм сыкъэхьишьжащ сызыхэхуа гупсысэхэм. Сыкъыздэлльеймэ, сльэгъур тельыджэт: хэти гъырт, хэти гуфІэрт, хэти и макъ кьызэрихьІкІэ кьэгуоут: «Упсэу! Упсэу! Упсэу!»

Ар си джкІэ гуимыхужщ.

Щоджэнцыкіу Алий и ІэдакъэщІэкІ мыкІуэдыжьынухэр адыгэхэм игъащІэкІэ къыздэгъуэгурыкІуэнущ. Ахэр ди Іэпкъым и гъэгугъэльагъуэ уахътынщэ.

МУРАТ Чэпай,
Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щІыхь зиІэ и артист, Адыгэ Республикэм и щІыхьэ артист. Мейкъуапэ къалэ

«Хэти и кІэрэмашэщ, хэти и кІэрэмарэщ»

(Беслъэней адыгэбзэм и псалъалъэ)

***Беслъэнейхэр адыгэ лІакъуэхэм языхэзщ, Лабэ, Хуэдз, Уарп, Тэджэнышхуэ, Тэджэн цыкІу псыежэхэм я Іуфэм щыпсэуащ. Беслъэней щІынальэм и ищхъэрэкІэ мэхъуэшхэр, и къухьэпІэмкІэ мамхэгъэхэр, и ипщэ лъэныкъуэмкІэ абаззэхэр, и къуэкІыпІэмкІи къэбэрдейхэр щысу, ахэр я гъунэгъуу къекІуэкІащ. Я бзэр къэбэрдей адыгэбзэм пэблагъэщ, ауэ пасэрей адыгэбзэм и нэщэнэ куэд зэрихъумам къыхэкІыу кІахэ адыгэ диалектхэм техуэ щхьэхуэныгъэ Іэджи иІэщ. Беслъэней щІэм я псэльэкІэр къэбэрдей адыгэбзэмрэ кІахэ адыгэбзэмрэ я зэпыльпыІэм щызекІуэу, абыхэм я ПсэмыжУ къалъытэ, арэзы удэмыхъунуи щыткъым. Беслъэнейхэр Урыс-Кавказ зауэм хэкІуэда лъэпкъэм ящыщщ, нобэ абыхэм ящыщу Хэкум кьинар къуажитхум дэсщ. А къэна мащІэри зэбгрыдзащ: Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм Беслъэнейрэ ВакІуэжьилэкІэ зэдзэ къуажитІыр итщ, Ермэлыхьэблэ пэмыжьыжьу Бэчмырзейрэ Кургъуэкъуейрэ зи фІэщыгъэ жылитІым уащыхуэзэнущ, Адыгэ Республикэм Улапэкіэ зэдзэ къуажэр щыІэщ. Нэхъыбэр Тыркум икІыжащ, ахэр иджыкІэ нэхъ зэуІуу щыпсэури Чорумрэ Амасиерэ епха щыІпІэхэрщ.*

БЕСЛЪЭНЕЙХЭМ я псэльэкІэр адыгэ бзэщІэныгъэм къэбэрдей адыгэбзэм и диалектэ егъэув. Ар къэплъытэмэ, абы я бзэм узыщрихьэлІэ гъэщІэгъуэнхэри зэхуэтхьэсыжыныр, ди псалъалъэхэм игъэувэжыныр, тхылъыбзэм хэгъэжьныр ди пщэрыль мэхъу. Апхуэдэ гупсысэм къыхэкІащ «Адыгэ псалъэ» газетым и щІэджыкІакІыхэм я пащхьэ итлъхьэ мы псалъалъэри. Псалъалъэм кьызэщІиубыдэ псалъэхэр дэ щызэхуэтхьэсыжащ Мазкуу дэт Урысейпсо кэрал гуманитар университетым (РГГУ) бзэщІэныгъэмкІэ и кафедрэм беслъэнейбзэм и щхьэхуэныгъэхэр кьихутэн папщІэ кІуэгъэгъэпэщауэ щыта щІэныгъэ зекІуэм дыздыхэтам, Іуэрыуэтэщыпэ Тырку къэралыгъуэм щыпсэу адыгэхэм я деж дыщыкІуам.

Адджыдж: аджмыдж трищІэн - цІыхум уІэгъэ игъуэтам къыхэкІыу фэм е лым хищІэ быдагъэм апхуэдэу йоджэ. Къэбэрдеим «къажмыж» жыхуаІэращ.

Арарэ - къуршым и папщІапІэм апхуэдэу йоджэ.

Ачий І - зыщыщыщІ зымыщІэж.

Ачий ІІ - лІыщІэкІэ зэджэ бын-унагъуэ.

Башлъакъуэ - щынІэцІэщ, Тэджэн тІуащІэм итщ.

Баштлакъуэ - щынІэцІэщ, Тэджэн тІуащІэм и ятІ щыпІэщ.

Бэгьубэж: бэгьубэж хъун - зыгъэрым къыхихьхьа гупсысэм е Іуэхуфэм нэхъыбэр емыувалІэмэ, Іуэхури псалъэри бэгьубэж хъуащ, жаІэ.

Бэдэкі І: бэдэкІыр зи куэд - зы щІынІэ куэдрэ къыщытауэ щІэупщІэр зи куэдым хужаІэ.

Бэдэкі ІІ - къуажэр зы Іуэжугъуэ гуэр ирипсэлъэну щызэхуэшэс зэІуущІэ. «Пэкіэм» мыхьэнэкІэ тохуэ.

БэтІэгъуэ - щынІэцІэщ, Тэджэн псыхъуитІым я зэхуакум и щыпІэ.

Бэуц: **хъыбар бэущ** - куэд пэпльэу куэдым зэлъашІыс хъыбар.

Бэщакіу//бэущакіу - гуауэ зиІэу яхуэмышыІэм еущиену хуаГъакІуэ нэхъыжьхэм аращ зэрерджэр.

Бжьалъэ - бжьэр куэду щызэхэт мэз лъахэ, жыг щхьэкІэм пылъ бжьэзэрэгъу (мэз фор зыдэлъ «бжьэ матэр») щыбэ.

Бжьэнтеж - бжьэ матэм дагъэззэгъа бжьэ быным етІуанэу е ещанэу текІа лІэужь.

Бжьэнтекі - бжьэ матэм дагъэззэгъа бжьэ быным апэу текІа лІэужь.

Бжьэнужь - бжьэ матэм дагъэззэгъа зы бжьэ быным тепщыкІа Іэужьу куэдым ягъэхъу, куэдым яІэ.

Бжьэрыбжьэ - зэрызехьэу къэзыльэтыхь бжьэ бын.

Бжьэудэ - удзыцІэщ, зищІыс дыдэр тхуэзэкъэжІакъым.

Бзыгу - кІуэцІ уэ бзаджэм ирахьэлІэ хущхъуэгъуэ, урысыбзэкІэ «вентер», е латиныбзэкІэ «сукральфат» жыхуаІэращ.

Бздзу: **бздзууэ къэщтэн** - цІыхум и щІыбфэр (дэнэ хуэдизми) зэ къызэщІэубыдагъэкъэ Іэпэкіэ къызэщІэбубыдэмэ, бздзуэ къищтащ, жаІэрт. Къэбэрдеим «Іэбэдзыуэ» псалъэр щызокІуэ, цІыкІу джэгу кьебжэкІым къыхэнауэ.

Выжьгъапщэ - дыгъэм трисыкІрэ и пщафэр укъуеймэ, выжьгъапщэ хъуащ, хужаІэ. Къэбэрдеим «выжьгъагъ» щІыжаІэ.

Выжьгъэ - вым и пщэ тралъхьэ бжьым выпщэр щытрихъукІкІэ, тетхьагъэ игъэутым араш зэрерджэр.

Гуащэбы[р]дж - гъуэжьыфэ къызэщІыхьэ загъыз Іэпкъщ. УрысыбзэкІэ «янтарь» жыхуаІэращ. ЩІыхуфэ къыщІэльадэу щыІэщ нэгъуэщІ зы загъыз лъэпкъыгъуи. Абы зэреджэр «пщыбыхъу»-щ.

Гуэринэ - зипкъ-зи фэкІэ ныбжь пасэу хьыджэбз теплъэ къызэщІыхьэ пщащэ цІыкІум апхуэдэу йоджэ.

Гъумбырэ: **гъумбырэ губгъуэ** - кумблъэмб защІэу щыт щІыпІэ.

Гъэбу - мыгъагъэу е къыпымыкІэу илъэс дзэзых къэкІыгъэ.

Гъэндыр - гъавэр щымащІэ илъэс.

Гъэч - гъэш.

Жьгыимбэкъу - щакІуэхэм щакІуэ тхъэльэІу щащІ щыпІэ.

Дзажьдзэ - бгъэгум и щхьэкІэ укъыщежьэмэ, ипэ ит дзажьналъэ.

Дзажькіэ - бгъэгум и щхьэкІэ укъыщежьэмэ, иужь дыдэ ит, зи лъащІэкІэ укъызыщІэІэбэф дзажьналъэ.

Дзажьхъу: **дзажьхъу щІалэ** - зи дзажьналъэхэр къыпхуящІ щІалэ ныбжьыщІэхэм щхьэкІэ аращ жаІэр.

Дзэукъуэдзэс - тІасхъэщІэх, жыхуиІэщ. Дзэукъуэдзыр биидзэм еэым ящыщу фІэкІа ямыщІэу яхэс зэпытщ, я Іуэжу зытетыр сыт хуэдэ Іэмалкіэмэ, мыдрей лъэныкъуэм ялыгъэІэсу.

Дзэщыкіуэ//дзэщакіуэ - зэуэкІэ хабзэ.

Елэн - щІэхъуэпсын, къызэрыгъэІулэн, къызэрылэн.

Жьыгуэрэн - жьыхуарзэ.

Жьыджэл - мывэм къыхэщІыкІауи ирехъу, пхъэм къыхахауи щрет, къыдращІея улуэныгъэм дагъуэ хуащІмэ, щымытыну, къуэкІуриижыну хуагъэфащэмэ, жьыджэл хъунущ, жаІэ.

Кіанэ - кІэкъинэ, жьхуиІэщ.

Кіэптіыхъу - кІэсыжу унагъуэм къыхахьуа щІалэ цІыкІу.

Кіэрэмашэ - кІэсыжу унагъуэм къыхахьуа щІалэ цІыкІу гъэфІагъэцІэу зэреджэ.

Кіэрэшарэ - щІалэ цІыкІу зэгІоІлъхуэныкъуитІым гъэфІагъэцІэу зэреджэр апхуэдэущ. Адыгэхэм гушыІэу «хэти и кІэрэмашэщ, хэти и кІэрэшарэщ» жаІэ.

Кіэсахъуэ - Іэщ Іэвыщ Іахъуэ.

Кіыгі - пхъэбгъу щэрхьитІ зыщІэт гув.

Кіуэншэлъэф: **кіуэншэлъэф хъун** - и лъакъуэм уІэгъэ техуарэ езыр-езыру щымытыфу плІэжьу фІэкІа земыкІуэфым щхьэкІэ, кІуэншэлъэф хъуащ, жаІэ.

КіуэныщІэ - зекІуэфынкІэ кьиГъэгугъэу, ауэ узым лъэбакъуэ езымыгъэчыфым араш зэреджэр.

Кіуэрсэр - кІуэныпщІэм икІарэ и зекІуэнкІэ гуныкъуэгъуэ имыІэжу хуиту лъэбакъуэ зычыф, хуиту зэхэзекІуэм щхьэкІэ кІуэрсэр хъужащ, хужаІэ.

Кіьаницу: **кіьаницІиууэ зэщІэвэн** - зым жиІэр зым зэхимыхьжу псори щыпсалъэм деж апхуэдэу жаІэ.

Кіьалъэвэн - иужь кьинэн, гупым кьакІэрыхун.

Кіьуэзгьынтіэн - шынэм кІьыхэкІыу зэщІэувыныкІын, шынэн, шэч къэхьын.

КіьащІыблэхъу - ищІым-икъутэжу, кІьригъажьэм зэрихъуэкІыжу зы Іуэжу Іыкъэм куэдрэ зэзэблезыгъэхъу цІыхум щхьэкІэ жаІэ.

КіьызэщІэущкъуэлэн - зэщІэгъэгъэн, гъагъэм дунейр зэщІищэн.

Кіьэгъуэл - щІакхъуэ пІащІабэ.

Кіьущакъуэ - щІынІэцІэщ, Тэджэн псыхъуитІым я зэхуакум итщ.

Кіьущакъуэпс - псынэцІэщ, Тэджэн псыхъуитІым я зэхуакум итщ.

Лъэбэду - и ныбжьым елъытауэ пасэу зекІуа сабийм хужаІэ.

Лъэкъыдэ - лъэгудыгуэз зимыІэ, зи лъэгур пІащІэ.

ЛІакъуэ баш - лІэужькІэрэ быным я нэхъыжьым кьыхуекІуэкІыж нэхъыжьыгъэ нэщэнэ зиІэ баш. ЛІакъуэ башыр зи унэ ильыр, и ныбжьым темыуухуауэ, лъэпкъым нэхъыжьу кьалъытэу щытащ.

ЛъущІ - къупщхь зэхуакум дэлъ щабэкІэм, е, нэгъуэщІу жьыпІэмэ, хъыщтым апхуэдэу йоджэ.

Лъущ ІІ - зыщигъаззэкІи, щыхэбэкъуэкІкІи и Іэпкъльэпкъ къупщхьэм зэрыгъэкІ макъ къыхэзыгъэІукІ цІыхум щхьэкІэ жаІэ.

Чэгьблэ - щхьэхьэзыхэ блащхъуэ лъэпкъым щыщ зы лІэужькІуэщ, кІэбэрдей адыгэхэм «блашэ» жыхуаІэращ.

Шхэныгуэ: **шхэныгуэ хъун** - къэмэжкІлІэн.

Шэемые - шатэтемых, жьхуиІэщ.

Щагъэ - уэздыгъэкум щхьэкІэ жаІэ. Къэбэрдеим «щагъэ» жыхуаІэр уагъэм нэхърэ нэхъ бгъуэзэ зыгъэрэкм кьрадэкІ Іуданэ зэІуща кІьхьэращ.

Щтэпкіэн - къэскІэн.

Щъэбэду - и ныбжьым емылъытауэ губзыгъэу псалъэ зэпызыгъахуэ сабий.

Щъхьэрыжэ: **щъхьэрыжэ щыхъун** - щхьэжэ, жьхуэтІэращ.

Щэнэуэн - зи Іэпкъльэпкъыр зэридзэу, зэм зымкІэ еуэкІыу, зэм адреймкІэ кьеуэкІыжу зекІуэм щхьэкІэ жаІэ.

Іэбжь: **Іэбжь ежьащ** - Іэгуфэр шхэмэ, Іэбжь ежьащ, хэхъуэ диІэнущ, жаІэрт.

Іэгъуабэ - Іэблэр зэфІэмыхьэу укъуэдиируэ къэзэгъанэ уз лІэужьыгъуэ.

ІэгъуцІащІэ - Іэблэ узым и цІэщ, ауэ Іэгъуабэм и пхэнжу - Іэблэр зэрыуарэ щыпхэмыукъуэдиим деж аращ жаІэр.

Іэнащхьэгъэгъэ - хьэщІэр ежьэжарэ унагъэм ис щІалэ бын зэрызехьэу Іэнэм щыпэрыІысхьэжкІэ, Іэнащхьэгъэзыр къэсащ, жаІэрт.

Іэнэпэджагуэ - Іэнэм хуэмыфащэу дызекІуэм, Іэнэ щысыкІэм теухуауэ мардэрэ шыІэрэ зимыІэм хужаІэ.

Іэпэжьажьэ - хуэм, псынщІагъ зыхэмыІъ.

Іэубзэ - Іэр дащІурэ ирагъэкІуэкІ псалъэмакъ; ІэутІэ, пкъыбзэ.

Іэужьтекіыж: **Іэужьтекіыж хъун** - псалъэ зэзыта ныбжьыщІитІым щыщу зыр дунейм екъужмэ, «Іэужьтекіыж хъуащ» хужаІэ къэнам.

ІэужьщІэкіуэж хъун - псалъэ зэзыта ныбжьыщІитІым щыщ зыр икІуэтыжмэ, абы щхьэкІэ «Іэужьщ Іэкіуэж хъуащ» хужаІэ.

Іэхъу - Іэпщэхъу.

ТАБЫЩ Мурат,
«Адыгэ псалъэ» газетым и щІэныгъэ обозревателъ

Беслъэней хэкум и зы теплъэгъуэ.

● Адыгэбзэм щыщщ

Хьэщцыгъуей І - Беслъэнейм и зы щыгу кІапэм зэреджэр араш.

Хьэщцыгъуей ІІ - адыгэхэр Невинномыссск къалэм зэреджэр араш.

ХьэщІдазэ - хьэщІэщым ис хьэщІэм кІэлъыІэрахьэу щыта зы лабзэ.

ХьэщІэнэ - щысын хьэщІэу унагъуэм къахьыха цІыхум и цІэкІэ ягъуэ Іэнэ.

Хьынкіэлхьэлыуэ - псэущхь е къэкІыгъэ теплъэхэр зиІэ жьпхъэхэм джэдыкІэудапсыр ирагъэзагъэкІэрэ, кьыхащІыкІ Іэфы кІэхэкІ.

Хъуатэ - псынцІэ шэд. Къэбэрдеибзэм щхьэхуэу псальэр ямыцІыхуж е яІэщІэхужа щхьэкІэ, дунейр кьызэІыхьэрэ узлбанэ зэхэмыкІыжу уэГІпсытІ хъумэ, а щытыкІэр къэзыгъэльагъуэ «хъуатІэпсытІэ» / «хъуатэпсытэ»/ псальэр хэтщ. Зэрызэпъкъвэгъур нэрылъагъущ. Мыри гъэщІэгъэнщ. Уэлбанэ кІыхьым хиубыдэу дунейм кьытехьа хъыджэбз цІыкІум «ХъуатІэ» фІащу щытащ, щхьэузыхь ирехъу жаІэрти. Мыпхуэди щыІащ: «хъуатэ хьэлыуэ» - ящщфІам щыщ бынунэм яІымыхуэу хэпльэ-зэкІыж хъумэ, апхуэдэу жаІэ хабзэт. И кьежьанІэ хъуар зэхэхугъуейщ, ауэ хуэбгъэфащэ зэрыкъуэнумкІэ, хъуатэ узыр зэрагъэІэсэ тхьэпльэІухэм щыщ зы хуэІухуэщІэу кьыщІэкІынущ.

Хъущ І - къупщхь зэхуакум дэлъ щабэкІэм, е, нэгъуэщІу жьпІэмэ, хъыщтым апхуэдэу йоджэ.

Хъущ ІІ - зыщигъаззэкІи, щыхэбэкъуэкІкІи и Іэпкъльэпкъ къупщхьэм зэрыгъэкІ макъ къыхэзыгъэІукІ цІыхум щхьэкІэ жаІэ.

Чэгьблэ - щхьэхьэзыхэ блащхъуэ льэпкъым щыщ зы лІэужькІуэщ, кІэбэрдей адыгэхэм «блашэ» жыхуаІэращ.

Шхэныгуэ: **шхэныгуэ хъун** - къэмэжкІлІэн.

Щэемые - шатэтемых, жьхуиІэщ.

Щагъэ - уэздыгъэкум щхьэкІэ жаІэ. Къэбэрдеим «щагъэ» жыхуаІэр уагъэм нэхърэ нэхъ бгъуэзэ зыгъэрэкм кьрадэкІ Іуданэ зэІуща кІьхьэращ.

Щтэпкіэн - къэскІэн.

Щъэбэду - и ныбжьым емылъытауэ губзыгъэу псалъэ зэпызыгъахуэ сабий.

Щъхьэрыжэ: **щъхьэрыжэ щыхъун** - щхьэжэ, жьхуэтІэращ.

Щэнэуэн - зи Іэпкъльэпкъыр зэридзэу, зэм зымкІэ еуэкІыу, зэм адреймкІэ кьеуэкІыжу зекІуэм щхьэкІэ жаІэ.

Іэбжь: **Іэбжь ежьащ** - Іэгуфэр шхэмэ, Іэбжь ежьащ, хэхъуэ диІэнущ, жаІэрт.

Іэгъуабэ - Іэблэр зэфІэмыхьэу укъуэдиируэ къэзэгъанэ уз лІэужьыгъуэ.

ІэгъуцІащІэ - Іэблэ узым и цІэщ, ауэ Іэгъуабэм и пхэнжу - Іэблэр зэрыуарэ щыпхэмыукъуэдиим деж аращ жаІэр.

Іэнащхьэгъэгъэ - хьэщІэр ежьэжарэ унагъэм ис щІалэ бын зэрызехьэу Іэнэм щыпэрыІысхьэжкІэ, Іэнащхьэгъэзыр къэсащ, жаІэрт.

Іэнэпэджагуэ - Іэнэм хуэмыфащэу дызекІуэм, Іэнэ щысыкІэм теухуауэ мардэрэ шыІэрэ зимыІэм хужаІэ.

Іэпэжьажьэ - хуэм, псынщІагъ зыхэмыІъ.

Іэубзэ - Іэр дащІурэ ирагъэкІуэкІ псалъэмакъ; ІэутІэ, пкъыбзэ.

Іэужьтекіыж: **Іэужьтекіыж хъун** - псалъэ зэзыта ныбжьыщІитІым щыщу зыр дунейм екъужмэ, «Іэужьтекіыж хъуащ» хужаІэ къэнам.

ІэужьщІэкіуэж хъун - псалъэ зэзыта ныбжьыщІитІым щыщ зыр икІуэтыжмэ, абы щхьэкІэ «Іэужьщ Іэкіуэж хъуащ» хужаІэ.

Іэхъу - Іэпщэхъу.

ТАБЫЩ Мурат,
«Адыгэ псалъэ» газетым и щІэныгъэ обозревателъ

Аруан Анатолэ и махуэ лъапІэмкІэ дохъуэхъу

Жэпуэгъуэм и 29-м зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъу ди ныбжьэгъуфІ, Дыгулыбгъуей жьыгъуэм дэс нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Аруан Анатолэ Забубэ и къуэм дохъуэхъу и махуэшхуэмкІэ.

Анатолэ и ныбжьэгъуэр.

ЮРИСТ-эксперт-криминалист щІэныгъэр зыбгъэдэлъ, зи сабиигъуэм совет репрессием и гугъуехьхэр зыльэгъуа, усэ тхылъитІ зи Іэдакъэщ Іэкі, бынитхум я адэ, бынхэм я быныжу щІалэ цІыкІуи 10-рэ хъыджэбз цІыкІуи 4-рэ Тхьэм зрита нэхъыжьыфІщ Анатолэ.

Гъфіэгъуэр дзэыІэт, и гуауэр дзэыгъэпсынщІэ, илъэс 40 гъэугъанэ къыдэзыкІуа и щхьэгъусэ Тае щІыгъуу, бын гуфІэгъуэм и лъэр щІигъэкІыу, и узынщагъэмрэ и зэфІэкІымрэ хэмыщІу, нобэ хуэдэу жьыщхьэ махуэу куэдрэ дунейм тетыну ди гуапэщ.

Зэрахабзэу, 0:2-кІэ къыщІадзэ

● Футбол

«Кубань» (Краснодар) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:2 (2:0). Краснодар. «Кубань» стадион. Жэпуэгъуэм и 5-м. ЦІыху 400 елъащ.

Судьяхэр Шафеев (Волгоград), Валеев (Дон Іус Ростов). Циклаури (Мэзкуу).

«Кубань»: Баринов, Черов (Сидоров, 72), Ерохин, Акопян, Овсиенкэ, Абдокъуэ (Чабанов, 66), Шабичев (Шульгин, 46), Каюмов (Горбатюк, 90+2), Гъурф, Грузнов, Мамты (Соловьёв, 81).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Тебэрды, Ольмезов, КІэдакІыуей, Шумахуэ, Дэхъу (Джатэрыв, 54), Бахъсэнокъуэ (Апажэ, 90), Пащты, Хьэшыр (Дзэмыхь, 81), Іэпщацэ (Уэрэзей, 66), ХъутІэ (Багъэтыр, 51).

Топхэр дагъэкІащ: Мамтым, 39 - пенальтикІэ (1:0). Ольмезовым, 48 - езым и Іэ зым (2:0). Хьэшырым, 62 (2:1). Пащтым, 68 (2:2).

Дагъуэ кьыхуащІащ: Ерохиным, КІэбышэм, 15 (тренер нэхъыщхьэм), Ольмезовым, Бахъсэнокъуэм, Багъэтырым, Дзэмыхьым, Джатэрывэм.

13-нэ дакъикъэм Грузновым пенальти худэгъэІакъым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ямэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и епщыкІутІанэ джэгуГъуэм ипкъ иткІэ адрейхэм яужькІэ блыщхьэм Краснодар щрагъэкъуэкІа зэІущІэм «Спартак-Налшыкым» турнир таблицэм щІыгъ увыпІэм и дежкІэ мыхьэнэ щІагъуэ иІэтэкъым - армырамэ пашэныгъэм зэрыщІэмыбэныныр пасэу налуэ хъуат. Абы щыгъуэми премьер-лигэм и командэ зыбжанэм хъарзынэу зыкъыщызыгъэльэгъуэ гъуащхьауэ ГъуэззэджэМамты Хьэсэн иджыблагъэ зыхэзыгъэхьэу нэхъри зызыгъэльэщ «Кубань»-р щІохъуэпс, бжьыпэр иубыду, ямэ дивизионым игъэззэкъыну. А Іэзыхугъэмкіэ и хъэхуэрэзгъу нэхъыщхьэхэу Павловскэм и «Кубань-Холдинг»-р ипэ къэт махуэм Таганрог щыІэу щыпІэ «Форте»-м къызэрыхигъэщІамрэ Махъэчкъалэ и «Легион Динамо»-р ростовдэсхэм зэрапэмыпъыщамрэ ар нэхъри тригъэгушхуэрт. Арати, гурыІуэгъуэ хуэдэт хэт сытым щІэбэнными. Арщхьэкіэ куэд зыпэмыплІауэ джэгур екІуэкІащ.

Хьэщ Іапі э щыІэ пэтми, «Спартак-Налшыкым» и бгъэрыкІуэныгъэ лъэщхэмкІэ зэІущІэм кьыщІидзащ. Абы зыкІи хуэмыхьэзыру къыщІэкІащ хэгъэрейхэр - ахэр текІуэныгъэм щІэбэныну кьихьами, захъумэжьи хуей хъуащ. Ямэ «Кубань»-р ипэкІэ щыкІуэтар епщыкІущ дакъикъэращ икІи занщІэу пенальти кьиІолъжьащ. Ди гъащхьэхъужмэхэм ядэІэпыкъуну кьикІуэтыжа Бахъсэнокъуэ Алихан гъуэм пэмыжьжьэу Мамты Хьэсэн ириудащ. Метр пщыкІуэм бгъэдыхьащ етІуанэ дивизионым и Ямэ гупым мы зэхьэзэхуэм щахудэзыгъэкІа Грузновыр. Зричри, и къару къызэрихькІ, ар еуащ. Ди гъащхьэтет Антиповым топым здигъэзэну пенальныкъуэр къыщІащ, ауэ пІэмыІэсу Іэщ Іэкіри, штангэм техуащ.

Абдежми Іэзхур кьыщыкъыІэкъым. Тепщынэгъэр налшыкдэсхэм яІыгъ пэтми, аргуэру пенальти я гъуэм кьеуэну 39-нэ дакъикъэм кьахукъуэкІащ. А Іэмал гъуэзэджэр Мамты Хьэсэн зыІэщІигъэкІакъым.

Бэлыхь зыхидзэжрэ лІыгъэ хэлъу абы кьыхэкІыжу зезыГъасэ «Спартак-Налшыкым», загъэнсэхуу кьызэрихьэжу етІуанэ топри и гъуэм дыхьащ. Абыкіэ «Кубань»-м щІэгъэкъуэн пІэщ хуэхъущ Ольмезов Артур. Хэгъэрейхэм я бгъэрыкІуэныгъэр къыщыщІэпидым, абы топыр и гъуэм дигъэкІыжащ.

Тхьэмахуэ ипкІэ къахуэблэгъа «Мэхъэчкъалэм» щыдэзгъуами хуэдэу, 0:2-уэ къыхагъащІэу хъуа иужькІэ ди щІалэхэм зы къыщІэзыкъуахар. 62-нэ дакъикъэм щегъэжьауэ 68-нэм нэсыху абыхэм краснодардэсхэм я щхьэр краГъэІэтакъым икІи Хьэшыр Аланрэ Пащты Русланрэ я фІыгъэкІэ бжьыгъэр зэхуэдэ ящІащ. Ди жагъуэ зэрыкІуащи, текІуэныгъэр зыІэрагъэхьэфащым, мызэ-мытІэу абы пэгъунэгъу хъуа пэтми. Ауэ 2:2-ри хуабжьу арэзы дыкъэзыщІа кІэуэщ. Псалъэм кьыдэкІуэу кьыхэдгъэщынщи, мы зэпеуэм ар «Кубань»-м и ятІ зэрытемыгъэкІуэныгъэщ. «Спартак-Налшыкым» абы къригъэгъэсэбэпакъым и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэм нэхьапэІуэкІэ очко тІуратІ-щырыщ зэрафІэкІуэдар.

Адэкіэ щыгъуазэ фыхуэтщынщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ямэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ иужьу зэхэта джэгуГъуэм кьрикІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Форте»** (Таганрог) - **«Кубань-Холдинг»** (Павловскэ) - **1:0**, **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **«Есэнтыгу»** (Есэнтыгу) - **0:3**, **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **«Краснодар-3»** (Краснодар) - **1:4**, **«Мэхъэчкъалэ»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Анжи»** (Мэхъэчкъалэ) - **1:0**, **«Интер»** (Черкесск) - **«Черноморец»** (Новороссийск) - **0:5**, **СКА** (Дон Іус Ростов) - **«Легион Динамо»** (Мэхъэчкъалэ) - **2:2**, **«ТІуапсы»** (ТІуапсы) - **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **3:2**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгуГъуэр «Спартак-Налшыкым» жэпуэгъуэм и 31-м иригъэкІуэкІынущ. А махуэм ди щІалэхэм къыргъэблагъэнущ Черкесск и «Интер» командэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ямэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	**«Кубань-Холдинг»**	**12**	**9**	**1**	**2**	**25-8**	**28**
2.	«Легион Динамо»	12	7	5	0	26-7	26
3.	«Кубань»	12	8	1	3	32-14	25
4.	СКА	11	7	1	3	22-14	22
5.	«Черноморец»	11	6	2	3	17-9	20
6.	«Анжи»	11	5	4	2	18-13	10
7.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	11	5	2	4	18-17	17
8.	«Форте»	11	5	2	4	21-12	17
9.	«Динамо-Ставрополь»	11	5	1	5	17-15	16
10.	**«Спартак-Налшык»**	**11**	**4**	**3**	**4**	**16-17**	**15**
11.	«Мэхъэчкъалэ»	12	4	2	6	15-22	14
12.	«Краснодар-3»	12	4	2	6	19-23	14
13.	«Дружба»	11	3	2	6	12-26	11
14.	«Интер»	11	2	2	7	13-30	8
15.	«ЕсэнтІыгу»	11	2	2	7	14-23	8
16.	«Биолог-Новокубанск»	11	2	1	8	14-24	7
17.	**«ТІуапсы»**	**11**	**1**	**1**	**9**	**16-41**	**4**

Прохладнэ судымрэ прокуратурэмрэ я парт Іэзхущ Іапі э зэгуэтым и секретару, прокуратурэм следователь нэхъыщхьэу, адвокатурэм и тхьэмадэу илъэс 50-кІэ лэжьа **Къэжэр ЛатІиф Хьэбыж и къуэмрэ** и щхьэгъусэ **Ленэрэ**, я нысэ **Заремэрэ** я къуэрылъху **Муратрэ** дахуогузавэ абыхэм я къуэ, щхьэгъусэ, адэ **Къэжэр Аслъэн** дунейм зэрехьижам кьыхэкІыу.

Я Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и ящэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Марина** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыдзкэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩІхьэщэмыщІ Иэ**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцІэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхугъэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхугъаіпіэхэм ядолжжьэныкІэ - 42-60-53; узышыгъэр хъуэмэмрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зыкьарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцІэмрэ я Іуэху ептыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм ахуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі э м ПІ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ

12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэгъ ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр ПІ 5894 ● Тираж 1.990 ● Заказ №2273